Зэманым къигъэув Іуэхугъуэхэр

2-нэ нап.

Псэунытъэм лІыгъэ хэлъщ

3-нэ нап.

«Сариа»

3-нэ нап.

Жыгхэр щІрахым и щхьэусыгъуэр

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№24 (24.306) ● 2022 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 5, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

Къэбэрдей театрыр ефІэкІуэнырщ си хъуэпсапІэр

4-нэ нап.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек республикэм исхэм зэрызахуигъэзар

Республикэм исхэм мы махуэхэм упщІэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ зыкъысхуагъаазэ екІуэкІ Іуэхугъуэм теухуауэ. Сэ си елпыкІэм къыщІоупщІэ.

Си елпыкІэр нэхъ пасэу жысІащ, абы иджыри зихьэжакъым. Тепъщ Іапі э хуэхъур си нэхъыкъэм, си адэм къысхалъхьа хьалщ. Си елпыкІэр ди тхыдэм, къэралым, лъэпкъым щІыхь зэрыхуэсщІым и джэлэсщ.

Нобэ Урысейм Донецк, Луганск цІыхубэ республикэхэр ихъумэу Іуэху пыухыкІэхэр ирегъэкІуэкІ, Украинэм и нацистхэм яІэщІэкІуэдащ ди бзыльхугъэхэри сабийхэри. Езыхэм нэхърэ нэхъ икІуэ къалъытэу рэ гугъуехь куэдым хагъэтащ Донбассым щыпсэуэхэр, жащхэм ка-хэуэурэ. А лъэхъэнэм къриубыдэу цІыху мини 3 хэкІуэдащ а залымыгъэм. КъращІыкІа лъэпкъ къэхъуэм пэщІэтар Донецкрэ Луганскрэ я лІы хахуэхэрщ. БлэкІа илъэсийм Донбассым и цІыху мин 800 Урысейм къэІэпхъуэри, хэкуэгъу тхуэхъуащ.

А зэманым къриубыдэу Украинэм щагъэува режимыр, НАТО-р къаззрыдІэпыкъум къыхэкІыу, нэхъри нэхъ гуащІэ хъуащ, ди къэралым къыхуиІэ лъагъуныкъэмрэ къыззэребиймрэ щІигъэхуабжьэу. КъухьэпІэ къэралхэм я зауэ хэІуІуэхущІэхэр щагъэхьэзыр щІыпІэ хъуащ Украинэр.

Къэбгъэлъэгъуэну урикъунщ иужьрей илъэсхэм хамэ къэралу службэ хэхахэм, псом хуэмыдау Украинэм щылажьэхэм, къыбарегъащІэ Іэмалхэр кьагъэсэбэпу къыдащІыпІа «информационнэ зауэр». Абыхэм цІыхуэхэр ягъэщхьэрыуэну хэтащ, зэкъуачыну, я блэкІар щагъэгъупшэу, зэрыс кэралым дзыхь хэмащІыжу егъэсэнырщ зытелэжьар.

Урысейр илъэс бжыгъэ хъуауэ иужь итщ мамырыгъэкІэ мы Іуэху мыщхьэпэр зэфІихыну. АрщхьэкІэ нэгъэущІ хэкІыпІэ къыхуагъэнакъым къыптэщІэуВахэм. Адэкіи апхуэдэу екІуэкІамэ, къыззрытхуэхъущІэхэмрэ къыззрытпэщІэуВэмрэ нэхъыбэ хъуну арат, ди экономикэм и лъэр щІэуВуну. Урысейм и щІыхьыр хаутэну, ди псэукІэр ирагъэкІэкІуэну зэрыхэт санкцэхэр щІыгъужу.

Нацизмыр гъэкІуэдыным, НАТО-р ди бжэщхьэІум зэрыщыдалъэ Іэщэр Іэщ Іэудыным и чэзур къэсауэ щыІыхьыр хаутэну, ди къэралымрэ абы и цІыхухэмрэ хъумэныр япэ идгъэщу.

Апхуэдэ щытыкІэм дыщрагъэуВэм, хэкІыпІэу къэнар зыкъызэкъуэтхыу ди къэралымрэ лъэпкъыбэу зэхэс ди цІыхухэмрэ хъумэныр, Донбассми езы Украинэми мамырыгъэр щызэфІэгъэувэжыныжмкІэ шэсыпІэ хъунырщ. Абы папщІэ иджырей Урысей къэралыгъуэм зыхуей псори иІэщ - политикэ къару, дзэ лъэщ.

Мы махуэхэм Урысейм Іэщэкіэ Зэщ Іэуэзда и Къарухэм дуней псом ирагъэпъэгъуащ къалэн нэхъ гугъу дыдэри зыхуей хуэзэу зэрызэфІакьыфынур. Іэхъум пэрыхьа ди дзэр зыпэщІэуВа къарухэм зэрыпэщІэтыфри, дзэ къалэнхэр зыхуей хуэзэу зэрагъэзэщІэфри ягъэлъэгъуащ. Ди бийхэр йокІуэт, гъэру зыкъат. Ялэ махуэхэм ягъэлъэгъуа хахуагъэмрэ лІыгъэмрэ текІуэныгъэм дыззэрыхуашэнур haIуэ къищІащ.

Ди зауэлІхэм нобэ ягъэзащІэ кьалэныр нэгъуэщІ куэдым яхуэзфІэмыкІынкІи хъунщ, ахэр ди къэралым ис лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэ куэдым кьахэкІа лЫ лъэрызехьэхэщ, зауэлІ хахуэхэрщ.

Дэ, шэч хэмылъу, дрогушхуэ урысей армэм къулыкъу щызыщІэ ди хэкуэгъухэм. Урысеидзэм хэту абыхэм я дзэ щІыхьыр яІыгъщ, я кьалэнми полъэщ. ПсэзэпытхьэлІэм иту абыхэм яхъумэ хэкури, хэкуэгъуэри.

ЛІыгъэм и щапхъэ нэс хъуащ Гаджимагомедов Нурмагомед зэрихьа хахуагъэр. Абы УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкІэ Урысейм и ЛІыхъужь цІэ лъапІэр къыфІащащ. Ди республикэм щыщхэу - Урысей гвардием и Управленэм КъБР-м щІиІэ къудамэм хэта, полицэм и майор Къудей Ратмир, УФ-м и Лъэпкъ гвардием и зауэлІ, пирощкІэ Этезов Іэниуар, сержант нэхъыщІэ Бачиев Алим сымэ «Къигъэлъэгъуа лІыгъэм папщІэ» орденыр хуагъэфэщащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, щІалэхэр хэкІуэдащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэри, абы щыпсэуэхэри и телъыдащ Украинэм и националистхэр гъэкІуэдыным, зауэм зэрызыхуагъэхьэзыра Іэщэхэмрэ техникэмрэ зэтекъутэным теухуауэ Президент Путин Владимир иригъэкІуэкІ Іуэхуэм.

Жылагъуэм, щІалэгъуалэ зэгуэхьэныгъэхэм, республикэ къулыкъущІапІэхэм я лІыкІуэхэм, Іэщ Іагъэ зэмылІэужьыгъуэхэм пэрытхэм я къэпсэлъэныгъэхэр щыхьэт тохъуэ Урысейр апхуэдэ Іэмалым щІыхуэкІуэ щхьэусыгъуэр фІыуэ къаэзрыгурыІуэм.

Пэжыр ди тегъэщІапІэщ! Текіуэныгъэр ди гъуаэзщ!

Гугъуехь къыкъуэкІахэм я хэкІыпІэхэр къалъыхъуэ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ ЩІыналъэ зыуэжыныгъэхэмкІэ Правительство комиссэм и штабым хэтхэм я зэІущІэм. Ар теухуауэ щытащ Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ щІыналъэм хиубыдэ хэгъэгухэм я социально-политикэ щытыкІэр зыхуэдэм. ЗэІущІэр иригъэкІуэкІащ Урысейм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Новак Александр. Апхуэдэуи абы хэтащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лыкІуэу КИФЩІ-м щыІэ Чайкэ Юрий.

КъЫЗЭХУЭСАХЭР тепсэльыхьащ хамэ къэралхэм къытхуагъэува текъуэзэныгъэхэм елъытауэ щІыналъэхэм я экономикэм и лъабжьэр гъэбыдэн зэрыхуейм, къищынэмыщІауэ, Новак абы ехьэлІа кьалэн зэхъыщхьэхэр игъэбелджылащ. КИФЩІ-м хыхьэ хэгъэгу псоми, Къэбэрдей-Балъкъэрри абы хэту, щытыкІэр щызэпкърыхат штаб къыщызэрагъэпэщынущ. Іэмал имыІэу щІыналъэ бюджетэр къэпщытэн, социальнэ кьалэнхэр и чэзум гъэзэщІэн хуейщ. Чайкэ къызэрыхигъэщамкІэ, Кавказ Ищхъэрэм и экономикэм щытыкІэ зэпІэзэрыт игъуэтын папщІэ япэ игъэщыпхъэ кьалэнхэр убзыхуауэ гъэзэщІапхъэщ.

- Нобэкіэ кьапщтэмэ, санкцэхэр апхуэдэуи жьэхэуакъым республикэм щылажьэ Іэнатіэхэм, жиІащ КІуэкІуэ Казбек. - Ерыскъыхэм, цІыхухэр махуэ къэс зыхуеинухэм, псэуалъэпхъэхэм я уасэхэм кІэлъыплъ оперативнэ штабхэр кьызэдгъэпэщащ. Щхьэхуэу мэлажьэ мэкъумэш Іэнатіэм и Іуэху зыІутыр къззыпщытэ штабри.

ЩІышылэм къриКІуэхэм ятепщІыхьмэ, ерыскъыхэкІхэм, мэкъумэш, ухуэнигъэ Іэнатіэхэм къыщыщІагъэкІхэм ящыщу республикэм ищам и бжыгъэм хэхъуащ. Нэхъыбэ хъуащ хьэрычэт Іуэху мащІэмрэ курытымрэ, иджыпсту ди республикэм иІэщ зи щхьэ хуэлэжьэжь хьэрычэтыщІэм мин 19-м щІигъу. Абыхэм я фІыгъэкІэ, налогыу къыхахми хэхъащ, илъэс кІуам ар нэсащ сом мелард 1,3-м. ТІуакІэ нэхъыбэ хъущ республикэм зыгъэпсэхуакІуэ кьакІуэхэм я бжыгъэр, 2021 гъэм ди деж щыхьэщІащ цІыху мелуаным щІигъу. Ди лъахэм кьыхалъхьэ инвестицэр проценти 5,5-кІэ нэхъыбэ хъури, сом мелард 51-рэ ирикъуащ.

А псори къызыпэкІуар хьэрычэт Іуэхум куэдым зэрызратарщ. Иджырей санкцэхэр зыхуэгъэза Іэнатіэхэм - мэкъумэшым, цІыхуэхэм Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэным, туризмэм - ди хэгъэгум зыщагъэхь икІи лъэ быдэкІэ щытщ. Иджыри хьэрычэтыщІэ мащІэмрэ курытымрэ субсидиекІэ защІэдгъэкъуэну ди мурадщ, - жиІащ Іэтащхьэм.

Апхуэдэуи дыщІигъащ лъэпкъ проектхэр гъэзэщІэнымкІэ лэжьыгъэр и чэзум зэрекІуэкІыр, псэуКІэм екъэлІа ухуэнигъэ куэд мы гъэм зэраублэнур, гъэгухэр зэрырагъэфІэкІуэнур.

«Санкцэхэм емылытауэ, зыхуэздгъэзыжа кьалэн псори дгъэзэщІэным ди къэру псори етхьэлІэнущ», - дыщІигъащ КІуэкІуэ Казбек.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Нэщхъеягъуэр дагуэш

Къэбэрдей-Балъкъэрым иужьрей гъуэгуанэм щытрагъэхьащ Донецк, Луганск республикэхэм щыпсэуэхэр яхъумэн папщІэ зэхаубла спецоперацэм хэту я кьалэн ягъэзащІэу зэкІуэда зауэлІхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек дыуэщІхэм хэтащ. Республикэм и Унафэщ Іыр и щхьэкІэ яхуэгъуэващ я псэ емыблэжу зи кьалэныр зыгъэзэщІа, полицэм и подполковник, Кэнжэ къуажэм щыщ КІэщт Аслъэн Сэфарбий и къуэм, Бахьсэненкэ щыщ Къалэжьокъуэ Ренат Руслан и къуэм, Налшык щыпсэуа Джэку Альберт Руслан и къуэм, Урысей гвардием и Управленэм КъБР-м щІиІэ къудамэм хэта, полицэм и майор Къудей Ратмир Хьэбалэ и къуэм, УФ-м и Лъэпкъ гвардием и зауэлІхэу Яныкъуей щыщ прапорщик Этезов Іэниуар Хьэмид и къуэм, Гундэлэн щыщ сержант нэхъыщІэ Бачиев Алим Къурмэнбий и къуэм я Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ.

ЛІыгъэ зэрахьам, хахуагъэ къызыкъуахам япкъ итКІэ, Бачиев Алим, Къудей Ратмир, Этезов Іэниуар сымэ «Къигъэлъэгъуа лІыгъэм папщІэ» орденыр хуагъэфэщащ, дунейм ехьжауэ. Хэкіуэда щІалэхэм я щхьэ хуагъэщхьэуну икІи я Іыхьлыхэм нэщхъеягъуэр дагуэшыну дыуэщІхэм екІуэлІахэщ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Къудзокъуэ Мухьэмэд, ветеранхэм, зауэлІхэм я зэгухьэныгъэхэм, хабзэхъумэ Іуэхущ Іапіэхэм, цІыхубэм я лІыкІуэхэр.

КІуэкІуэ Казбек Правительствэм унафэ хуищІащ республикэ бюджетым кьыхэхІыу сом мелуан зырыз хэкІуэдахэм я унагъуэхэм иратыну. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу уІэгъэ хъуахэм сом 300000 хухагъэкІынущ. УФ-м ШынагъуэншагъэмкІэ и министерствэми хэІущІыу ищІащ хэкІуэдахэм я унагъуэхэм сом мелуаным щІигъу къратыну.

КЪУДЕЙ Іэминэ.

ДэІэпыкъуныгъэ ират

ДНР-мрэ ЛНР-мрэ къикІыу Дон Іуфэ Іус Ростов къэкІуахэм Къэбэрдей-Балъкъэрым иджы етІуанэу защІэгъахъуэ. КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек и унафэкІэ ягъэхьэзыращ ахэр нэхъ зыхуеину хъункІэ хьэпшып, ерыскъы тонн 20.

«ДИ МАШИНЭХЭР апхуэдэ Іуэхукіэ ежьа гупым хэувэнурэ цІыхухэр пІалъэкІэ къыщыувыІа Ростов кІэунущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэм гумащІагъэ кІэлъыІэзрахьащ зи щхьэр мафІэм къыхэзыхахэм. Дяпэкіи дадэІэпыкъунущ Донецкрэ Луганскрэ къикІа цІыхухэм, - жиІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хъубий Марат.

Нэхъапэкіэ республикэ унафэщІхэм, «Урысей зэкъуэт» партыр я щІэгъэкъуэну, тонн 20 хурагъэщащ Дон Іус Ростов къыщызэтеувыІахэм. ДНР-мрэ ЛНР-мрэ щыщ цІыху 800 иджыри кьригъэблэгъэным хухьхьэзырщ ди лъахэр.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Балъкъэрхэр залымыгъэкІэ я лъахэм щрагъэкІа махуэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм республикэм исхэм зэрызахуигъэзар

ПщІэ зыхуэсщІ си лъахэгъухэ!

Мы махуэхэм илъэс 78-рэ ирокъу балъкъэр лъэпкъыр залымыгъэкІэ я хэкум зэрырагъэкІрэ. Гугъуехь куэдрэ щыщІэныгъэшхуэхэмрэ зышэча, а лъэхъэнэ хьэлъэм зи Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ зыфІэкІуэда дэтхэнэ унагъуэми дахэуогузавэ, апхуэдэ гъэунэхунигъэ зэрашэчам папщІэ. ЦІыху минипщІ бжыгъэхэм я гъащІэр ихьащ а хабзэншагъэ Іуэхум. Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм къыщыхъуа нэхъ гузэвэгъуэшхуэхэм ящыщщ балъкъэр лъэпкъым ираха залымыгъэр.

Псоми ди зэхуэдэ тхыдэм а и гузэвэгъуэ напэкІуэцІыр зыщыщдгъэгъупщэну дыхуиткъым, икІи сытри тщІэн хуейщ апхуэдэ гуаузэ афІэкІа зэи кьэмыхъун папщІэ.

Хамэ щыпІэхэм балъкъэрхэр зэрыщыІа илъэс 13-р хьэлъэт икІи кІыхьт, атІэми, абы кьызэфІигъэщІакъым а лъэпкъыр. Яхэлъ акъылыфІагъыр, шыІэныгъэр, къарур, захуагъэр тепщэ зэрыхъужьнумкІэ яІэ фІэщхъуныгъэр кьадэІэпыкъуащ абыхэм а лъэхъэнэм, апхуэдэуи ялъэкІащ я псэкупсэ лъапІэныгъэр, анэдэлъхубзэр, лъэпкъ щэнхабзэр яхъумэн, я щІыналъэм къэгъэзэжыфын гу къабзэрэ псэ къабзэу, гъащІэщІэ ухуэным жыджэру порыувэжыным хузэхэзыру. Нобэ балъкъэр лъэпкъыр хуэфащэну хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъыбэм, екъуІэныгъэфІэкІэ зыІэригъэхьэу, щІыналъэм и экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ Іэнатіэхэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэфІэкІэр хуищІу.

Си фІэщ мэхъу зэгурыІуэныгъэрэ мамырыгъэрэ ди зэхуэку дэлъу, ди зэкъуэтныгъэмрэ зэкъуэщыныгъэмрэ дгъэбыдэу, сыт хуэдэ гугъуехьхэми лъэпощхьэпохэми даззрыпэлъэщыфынур, зыкъэдгъэувыж мурадхэм даззрыпъэлэсыфынур фІыуэ тлъагъу Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ ди Хэку инымрэ яефІэкІуэныгъэмрэ зыуэзщІыныгъэмрэ папщІэ.

Лейр зэи гъуркъым

1944 гъэм гъатхэпэм и 8-м балъкъэрхэр я щІынальэм залымыгъэкІэ ирахууэ щытащ.

СССР-м Зыхъумэжныгъэмкіэ и къэрал комитетым ищІа унафэм ипкъ иткІэ, Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ цІыхубэ комиссариатым а лъэпкъым щыщ цІыху мин 37713-рэ махуитІым къриубыдэу ирашат ди республикэм. Ахэр Азие Курытымрэ Къэзахстанымрэ я щІыпІи 120-м хагуэшат. Абыи кьыщымынэу, къэрал унафэ хэхакІэ я къэралыгъуэр щымыІэжу кьалъытауэ щытащ. Лейр зэи гъуркъым - зэман докІри, щІэпхьаджагъэхэр зи Іэрыкіэхэм хуэфащэн кьалъос, захуагъэри тепщэ мэхъуж. Балъкъэрхэм я дежи щыкъутакъым я гъащІэ хабзэр.

ЛІэщІыгъуэ блэкІам и 50 гъэхэм щІадзауэ щытащ зи лъахэм залымыгъэкІэ ираша лъэпкъхэр хей щІыжьыным теухуа Іуэхум. Я насып кьикІащ балъкъэрхэми. Дауи, хэкум кьагъэззжьну хуит ящІа лъэпкъ псор къэбгъэІэпхъуэжьныр Іуэху тынштэкъым: ахэр ипэкІэ зыдэса кьуажэхэм я нэхъыбэр зэхэкъутати, псэупІэхэр яхурикъуртэкъым. Къэрал унафэщІхэр Іуэхум зэрегугъуэм нэмыщІ, мыкъэнэшхуэ иІэт балъкъэрхэр кьызэхьыхьэж лъэпкъхэр абыхэм къазэрыІущІэну щыкІэми. И ГъунэгъУ мэжаліэмэ, абы и гуэныхьыр езым кьихьу къззыпытэу ноби псэу адыгэхэр гуапэу яІущІэжащ я къуэшхэм. Лей зытехьахэм ахэр ядэгуэшащ псэупІэкІи, ерыскъыкІи, щыгъынкІи. Адыгэхэри республикэм ис адрей лъэпкъэри балъкъэрхэм зэрадэІэпыкъуам и фІыщІэкІэ псынщІэу зэфІэкІащ цІыхухэр кьеГъэблагъэжьным, лэжьапІэ гъэувыным ехьэлІа Іуэхухэр.

РСФСР-м и Министрхэм я Советым 1957 гъэм кьищта унафэм ипкъ иткІэ, дэтхэнэ унагъуэми кредиту ираташ псэупІэ яухуэн папщІэ сом мини 10, унэхэр зэрагъэпэщыжыну сом мини 3, Іэщ кьращэхуну сом мин 1,5-рэ. ИужькІэ а щІыхуэ псори хуагъэгъуащ. ИлъэситІым кьриубыдэу унэщІэ мини 7-м щІигъу яухуащ, унагъуэ мини нэбгырэ мин ящІащ фэгэрэхр иратащ. Апхуэдэу щІидзащ балъкъэр лъэпкъым и къэщІэрэщІэжьныгъэм.

1959 гъэм ирихьэлІэу кьулыкъушхуэхэм пэрытт балъкъэри 100-м нэблагъэ. Курыт Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэрахьэрт 500-м щІигъум. Гулъытэшхуэ хуащІырт щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зегъэужьыным. Куэд хыхьащ уэрэдымрэ кьафэмкІэ «Кабардинка» ансамблым, Къэрал филармонием. СССР-м, РСФСР-м, КъБАССР-м я тхылъ тедзапІэхэм кьыщыдэкІащ балъкъэр литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа Мечиев Кязим, тхакІэ, усакІуэ цІэрыІуэхэу Кулиев Кьайсын, Шахмурзаев Сэхьид, Гуртуев Берт, Отаров Керим сымэ, нэгъуэщІхэми я ІэдакъэщІэкІхэр.

Іуэхур хуабжьу ирагъэфІэкІуащ блэкІа лІэщІыгъуэм и 80 гъэхэм я кІэухым, 90 гъэхэм я пэщІэдзэм балъкъэр лъэпкъыр хей щІыжьыным теухуауэ къэралым кьыщыдагъэкІа унафэхэм. 1991 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм кьищтащ «Лей зытехьа лъэпкъхэр хей щІыжьыным и Іуэхуклэ» хабзэр. КъыкІэпыкІуэ илъэсхэм КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я зэрадэмкІэ УФ-м кьыщащтащ балъкъэрхэм ехьэлІауэ мыкъэнэшхуэ зиІэ унафэ зыбжанэ. Лъэпкъыр зэрырагъэкІрэ илъэс 50 щрикъум ирихьэлІэу, ижькІэ кьащта унафэхэм пащащ балъкъэр лъэпкъыр хей щІыжьыным и Іуэхум.

1995 гъэм балъкъэрхэм ирагъэкІуэкІа референдумым ипкъ иткІэ Іуащхьэмахуэ, Шэрэдж районхэр зэфІагъуэвэжащ. Налшык и Долинск щыпІэм щауэхуащ зэлымыгъэм и зэран зэкІахэм я архитектурэ мемориал Іуэззджэ. Абы хэтщ лъэпкъым и вагъуэ Кязим и кхъащхьэр икІи ар балъкъэрхэм я бэшэчагъым, лІыгъэм, быдагъэм я фэеплъ хъуащ.

Гугъуехьыщхуэхэр хамэщІым щызышэча, насыпыншагъэ куэд щызыгъэва лъэпкъыр зыужьныныгъэм и Іуэгурэм ирокІуэ. Балъкъэрыбзэр мы зэманым адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ я гъуэсу къэралыбзэщ. Абыкіэ утыку щхьэ телевиденэкіи радиокіи, газетхэр, журналхэр, зэреджэ тхылъхэр, псалъалъэхэр традзэ, литературэ кьыдагъэкІ. КъызэрыкІуэжрэ икІи хей зэращІыжрэ блэкІа илъэсхэм балъкъэрхэм кьахэхъуКІащ еджагъэшхуэ, тхакІэ, артист, спортсмен, политикэ лэжьакІуэ, лъэпкъым и щІыхьыр къззыІэтэжа цІыху гуащІафІэ куэд.

Ятелъа бэлыхьэр, гурэ псэкІэ ягъэва гуаузэ ящымыгъэчыщІу балъкъэр лъэпкъыр дяпэкіи ирекІуэтэ ипэкІэ, ФІэщхъуныгъэ ин яхэлъу къкІуэнуи хурыеплъэ. Республикэм щыпсэу адрей лъэпкъхэми хуэдэу, балъкъэрхэм я кьару псори ирахьэлІэ ди Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъри зиужьныным, абы мамырыгъэр захуагъэрэ, зэгурыІуэныгъэрэ зэІуэзэпэщыныгъэрэ илъыным.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Зэманым къигъэув Iуэхугъуэхэр

КъБР-м и Парламентым и Унафэщl Егоровэ Татьянэ хабзэгъэув Iэнатlэм и чэзу зэIущlэр вэсэмахуэ иригъэкIуэкlащ.

АР КЪЫЩЫЗЭIУИХЫМ, **Егоровэ Татьянэ** псом япэу къытеувыlащ ди къэралыр иджыпсту зэрыт щытыкlэм. «Къухьэпlэ къэралхэм Урысейм кыхуагъэув санкцэхэм политикэ, экономикэ гугъуехьэу зэрыграшам, шэч хэмылъу, уегъэгузавэ. Абы щыгъуэми къыхэзгъэщыну сыхуейт ди къэралыр сыт щыгъуи адрейхэм къахэщу зэрыщыта зы щапхъэ: лъэпкъ куэду зэхэт ди цIыхубэр сыт хуэдэ гъэунэхуныгъэхэм ирихьэлIами, ар зэкъуэувэфу щытащ икIи арат, къапщтэмэ, ди зыужьныныгъэмрэ текIуэныгъэхэмрэ къызыпхъкIуэр. Сызэрелъраци, ноби псоми едгъэлъагъун хуейщ ди цIыхубэр зэрызекъуэтыр икIи зэрызэкъуамычыфынур. Ди блэкIам сыт щыгъуи пщIэ хуэтщIу дыкъэгъуэгурыкIуащ, апхуэдэ дыдэуи ноби дыкъызэримыкIуэтынум щхьи хьытехьэрхьым. Псоми къагурыгъэIуэн хуейщ Урысейм хьэлэбэлыкъ хэхуа цIыхуэр дэIэпыкъуэгъэнщэу зэи къызэримыгъэзэнэр. Дауи, псори дызыхуейр мамырыгъэ-ращ, бэлутlэIуншэу дыпсэунырщ. Иджыпсту къекIуэкI Iуэхуэхэм ятепщIыхьмэ, ар къыщыдэхъулIэнур язынныкъуэ хамэ къэралхэм къабгъэдэкI Iуэхугъуэ щыныгъуэхэм ди къэралыр щытхъума иужькIэщ».

Iуэхугъуэ 18-м зэIущIэм щыхэплъащ. Депутатхэм зэдзарэзыуэ Iэ яIэтащ Налшык суд Iуэхущlапlэ №6-м и зэзыгъэкIуж хеящIэу Лыджыдэ Аслъэн, Шэджэм суд Iуэхущlапlэ №4-м и зэзыгъэкIуж хеящIэу СэкIуий Аслъэн, Прохладнэ суд Iуэхущlапlэ №4-м и зэзыгъэкIуж хеящIэу Хъэщlэ Алим, Тэрч районым и суд Iуэхущlапlэ №1-м и зэзыгъэкIуж хеящIэу Хъущт Алимбэч, Бахъсэн районым и суд Iуэхущlапlэ №1-м и зэзыгъэкIуж хеящIэу Щоджэн Замир, Аруан районым и суд Iуэхущlапlэ №1-м и зэзыгъэкIуж хеящIэу Щоджэн Исльам ягъэувыну кьызэрагъэлъэгъуам теухуауэ.

ЗэIущIэм япэ еджэгъэуэ кьыщащ-тащ «Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я унафэщIхэм я лэжьыгъэ кьызэрызэрагъэпэщ щIыкIэм теухуауэ» Федеральнэ законыр кьызэрагъэшIащ иткIэ КъБР-м и Конституцэм зэхъуэкIныгъэ халъхьэхэм ехьэлIауэ» КъБР-м и законым и проектыр. КъБР-м и Парламентым Законодательствэмрэ щIыпIэ унафэр зэрыхэзрахьэ Iуэхуэхмкlэ и комитетым и унафэщI **Мэлбахъуэ Борис** зэрыжиIамкIэ, законопроектым кьыщыгъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм, Парламентымрэ Правительствэмрэ я пщэрылъэр зыгъэбелджылы Iыхьэхэр.

- Законопроектым щыдогъэбелджылы КъБР-м и Iэтащхьэр Федеральнэ законым тещIыхьауэ Парламентым и депутатхэм зэрыхах щIыкIэр. Къищынэмыщlауэ, щIыналъэ Iэтащхьэм ебгъэкIуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралIуэхущlапlэхэм я лэжьэкIэмрэ Правительствэм и пщэрылъхьэмрэ. Законопроектым кьыщыхьащ зы цIыхур Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэу хэхыгъуитI нэхърэ нэхъыбэ тетыну зэрыхуимытыр Конституцэм хэгъэкIныныр. Парламентым и депутатым и лэжьэкIэм зэхъуэкIныныгъэ егъуэт. Иджы ар хуитщ депутат лэжьыгъэм кьыдэкIуэу къэрал Iэнатlэм пэрытыну. Законопроектым кьыщыгъэльэгъуа адрей Iыхьэхэри хуэгъэзащ республикэм и Конституцэр егъэфIэкIуэным, - кьыхигъэщащ Мэлбахъуэм.

КъБР-м Административнэ хабзэхэр кьызэпамыдыныкIэ и кодексым и Iыхьэ 9.2-м хальхъэну къагъэльагъуэ зэхъуэкIныныгъэхэр теухуащ муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ кьыщызэрагъэпэщ административнэ комиссэхэм жьлагъуэ палатэм и лIыкIуэхэм ящыщ зэрыхагъэхьэнум.

ЗэIущIэм япэ еджэгъуэ кьыщащ-тащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ Iэнатlэхэм ятеухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIныныгъэхэр хэлъхьэным и Iыхьэ 9-м зэхъуэкIныныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ», «Iуэхущlапlэхэм я мылъкум тральхьэ налогым ехьэлIауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIныныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ», «Къэхъукъащlэ шынагъуэхэм цIыхумрэ щIыналъэмрэ щIыхьымэным теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 9-м зэхъуэкIныныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и кьалэхэм я унуэгIэм теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 10-м зэхъуэкIныныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законкэм я проектхэр.

КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхмкlэ и комитетым и унафэщI **Ёмуз Нинэ** жиIащ Щlалэгъуалэ палатэм зэкIуэжьну хуейуэ Мэшыкъуэ Инал-рэ Кулиев Даниилрэ зыкъызэрыхагъэзар, абыхэм я пIэкIэ цIыхуитI зэхъэзэхуэкIэ кьызэрыхахынур.

Депутатхэр едэIуащ Урысей Федерацэм Юстициэмкlэ и министерствэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм 2021 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуауэ а Iуэхущlапlэм и унафэщIым и кьалэнэкэ зыгъэзащlэ **Кужонов Жантемыр** жиIам.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Япэ адыгэ скульптор

Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ адыгэ скульптощ Къалмыкъ Фёдор. Ар кьызэралъхуэрэ мазаем и 15-м илъэс 90 ирикъуащ.

СКУЛЬПТОР цIэрыIуэр Бахъсэн районым хыхьэ Куба къуажэм 1932 гъэм кьыщалъхуащ. Зэрыщыкlуэр дзэзыхьэх сурэт щыным Налшык къэIэпхъуа иужькIэ зыщыхуигъэсащ республикэм Сабий творчествэмкIэ и унэм. Курыт школыр кьиухри, Фёдор 1947 гъэм щIэтIысхьащ Саратов щыIэ художественнэ училищэм скульптурэмкIэ и кьудамэм. Ар кьиухри, Налшык кьигъэзэжащ.

Колхозхэт Къалмыкъ Батырбэчрэ Ленинскэ еджапIэ кьалэ цIыкIур къэзыуха Алъхъэс Назифэрэ унагъуэ насыпыфIэ яухуауэ Куба къуажэм щыпсэурт. Зэщхьэгъусэхэм бынищ кьащIэхъуат: Тамарэ (1924), Iэхьед (1928), Фёдор (1932). Иужьыр дунейм кьыщытехьа гъэ дыдэм бынунэм ажал гущIэгъуншэр кьахэIэбэри, адэр ящхьэщихащ.

Анэм сабиищыр иплу, 1936 гъэ пщIондэ Куба къуажэм дсащ. Зэманыр гугъут, сату щIэныр зи зэжьыгъэ Назифэ къуажэм Iэнатlэ щигъэзытыртэкьым. Бынищ зыпIыну кьызыпэщылъ анэ дэIэпыкъуэгъуншэм Налшык фэтэр кьыщищтэри, тыкуэнтету лэжьэн щIидзащ. Зыгъэлажьэхэр кьыдэIэпыкъури, и бынищыр «Партизан плъыжь» Сабий унэм ираташ. Iэхьедрэ Фёдоррэ сурэт щыныжкIэ кьызэрыхэжаныкIым егъэджакIуэхэм гу щыпъатэхьу, Сабий творчествэмкIэ унэм щагъасэ сурэтыщI ныбжьыщIэхэм я гупым хагъэхьащ. ЗэкъуэшитIым я кIэн кьикIат - ахэр зыхэхуар РСФСР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI цIэрыIуэ, КъБАССР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Гусаченкэ Николай и гупырт.

1938 гъэм кьыщыщIэдзауэ 1941 гъэ пщIондэ ныбжьыщIэхэр егупъуу еджащ. Зауэм зэрыщIидзэу, илъэс 16 фIэкIа зи мыныбжь я щыпхъу Тамарэ, медсестра лэжьыгъэм зэман кIэщIкIэ зыщыхагъэгъуазэ курсыр кьиухри, езым и фIэфIыныгъэкIэ фронтым кIуащ, Хэкум зэримыбийр, атIэ абы хуиIэ лъагъуныгъэр кьиигъэлъэгъуэн щхьэкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм зыкIэщlагъэкIыжа нэужь, Тамарэ кьэкIуэжащ. Зауэм и мафIэ лыгъэйм ар гъущIым хуэдэу ипсыхат. И дэлъхуитIым ар яхуэхъуапсэрт еджапIэ щIэтIысхьэу гъуазджэмкIэ яIэ щIэныгъэм пащэну, я Iэзагъэм хагъэхъэуну, сурэтыщI нэс кьахэкIыну. Щlыпсэун яIэтэкъым. Тамарэ Налшык кьалэ исполкомым зыхуигъэзащ икIи, зауэм зэрыIутар кьалъытэри, а зэманым Клиническэ уэраму щыта, иджы Мечиевым и цIэр зезыхьэм хуэзэу щы къащтащ, псэуалъэпхъэжамкIи кьыдэIэпыкъуащ. Апхуэдэу яухуащ Къалмыкъым я льапсэ нобэми щытыр.

1957 гъэм, Къабардей Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъум ирихьэлIэу, ЪкБАССР-м и сурэтыщIхэм я гъэлъэгъуныгъэу Москва щекIуэкIам Фёдор и лэжьыгъэхэри хэтащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым Совет властыр зэрыщыувэрэ илъэс щэ ныкъуэ зэрырикъум и щIыхькIэ кьызэрагъэпэща «Совет Илъэс» гъэлъэгъуныгъэм нэхъыфIу кьыщалъытат абы и лэжьыгъэр. А гъэ дыдэм СССР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хагъэхьащ. Зэман дэкIри, КъБАССР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и япэ секретару хахауэ щытащ.

Республикэм и гъуазджэм хуища хэлъхьэныгъэр кьалъытэри, «Лэжьыгъэм щIэ ехъулIэныгъэм папщIэ» медаль кьыхуагъэфащащ. КъБАССР-м и сурэтыщIхэм ящыщу апхуэдэ дамыгъэ япэу зратар Фёдорщ.

Къалмыкъ Фёдор лэжьыгъэ 40-м щIигъу и Iэдакъэ кьыщIэкIащ. Ахэр нэхъыбэу зытриухуари республикэм и цIыкуу цIэрыIуэхэрщ; дирижёр АфIэунэ Хьэмид, механизатор Джантуев Тамушай, жэмыш Атэбий ФатIимэт, шыхьуэ пэрыт, Социалист Лэжьыгъэм и Плыхьжь Къалмыкъ Хьэжмурат сымэ, нэгъуэщIхэми. Фёдорщ зи лэжьыгъэр Орджоникидзе Сергорэ Къалмыкъ БетIалрэ я фэеплъхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и скульпторхэм ящыщу нарт эпосым япэу зыхуэзыгъэзар аращ. IуэрыIуатэм теухуа лэжьыгъэ зыбжанэ игъэхьэзыращ абы.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм и хэлъхьэныгъэфIу ялъытэ Зей (Кизиловкэ) льагапIэм тет Сосрыкъуэ и скульптурэр. А бгыщхьэм тхыдэ-этнографие музей кьыщызэIуахыну Къалмыкъ Фёдор кьыхилъхьат. Архитектор Палагашвилирэ абырэ яубзыхуат республикэм нобэр кьызэдэсым имыIэ, абы щыгъуэ кьызэIуахыну я мурада музейм хухахыну щыпIэри, абы игъуэтын хуей тепльэри. Ауэ Фёдор дунейм ехьыжи, а Iуэхури езым дэкIуэдыжащ. Иджы а щIыпIэр шхапIэ-ефапIэщ.

1968 гъэм «Эльбрус» тхьилъ тедзапIэм кьыдигъэкIащ «Къалмыкъ Батырбэч и къуэ Фёдор» тхьилъыр, скульптурым и лэжьыгъэхэр щыщу бдзэжьеймрэ», Бажовым и «Мывэ удз гъэгъа», Пьерро Шарль и «ПыIэ плъыжь цIыкIу», Крыловым и «Дыгужьмышрэ щынэмрэ» ятриухуа скульптурэхэр.

Ди жагъуэ зэрызыхъущи, Фёдор иIэщ цIыхубэр нобэр кьыздэсым зыщымыгъуазэ лэжьыгъэхэри. Куэдым ящIэркъым Хэку зауэшхуэм щыгъуэ ди лъэпкъэгъуэхэм кьагъэльэгъуа лIыхужьыгъэмрэ хахуагъэмрэ хуигъэпса, Прохладнэ кьалэм щагъэува, метри 4,5-рэ зи льагагъ монументальнэ скульптурэр Къалмыкъ Фёдор зэриIэдакъэщIэкIыр.

Сурэтыщ! Iэзэ Дубровский Николай жиIэгащ: «Дэри дыпIэжьынущ, ауэ ди яужь кьихъэуну щIэблэм кьахуэдгъэнэну Iэужьырщ ди фэеплъ хьунур. ИтIанэщ фIыкIэ я гу дыкъыщыкIыжынур». Къалмыкъыр куэдым я гум фIыкIэ кьиинэжащ, псом хуэмыдэу кьыздеджаxэм, кьыдэлэжьахэм, зыщIыхуу щытахэм. Абы къигъэна фэеплъым пщIэшхуэ хуащI, ирогушхуэ.

- Фёдор дигу кьинэжащ щыIэ зыхэлъ щIалэ зэпIэзэрыту, псэльэгъу хьэлэмэту, ныбжьэгъу пэжу, нэхъыщIэхращи, щIыху гу кьабзэрэ псэхьэлэу. Сыт хуэдэ Iуэхугъуэ имыIэжьми, зыхуей хуэзэу зэрызэфIихьыным кьаурэр зэрIэкIыIу иIэр ирихьэлIэрт, - жеIэ абы кьыздеджа Головницкий Лев.

- Саратов щыIэ художественнэ училищэм Фёдоррэ сэрэ ильэситхукIэ дыщызэдеджащ. Гупыр щIыхуипщI дыхъурти, хуабжьу дызэкъуэтт. Дылажьэми, зыдгъэпсэхуми, махуэшхуэхэр дгъэпапIэмкIи дызэгъуэсэт. Ар адрейхэм кьащхьэщыкIырт гъэсэныгъэ дзкэ зэрыхэлъымкIэ, зэрыукIытэхьымкIэ, дапIэгагъу гуапагъэмкIэ. Мурад гуэр ищIамэ, кьимыкIуэтыжу зэфIигъэкIынут. Кавказым щыщхэм я «лъы пщтырагъыр» абы хэлътэкъым, ауэ ныбжьэгъуэм сыт щыгъуи гу лъыттэрт Фёдор нэхъыжьхэм пщIэ зэрахуищIым, уечэнджэщыуи нэхъыфI кьэпIъуэхъуэнтэкъым. Апхуэдэу гупым я щапхъэгъэлъагъуэу ар кьытхэтт.

- ДыщызэрыцIыхуа япэ махуэм кьыщыщIэдзауэ ящхьэ итащ гъуазджэр зыхьэзигъэщIэну, абы гъунэгъу сыхуищIыну иужь ихьащ. Лениншрад Эрмитажым сишэри, зыщыдигъэплъыхьат, - игу кьегъэкIыж и щхьэгъусэ Верэ. - Фёдор псэуну пIащIэрт, дахагъэм хуэнэхъуеиншэт. Сыт щыгъуи нэжэгужэу, гушыIэжу апхуэдэт. Арауэ кьыщIэкIынщ цIыху кIуапIэу ди унагъэгъэ щIыщытар. ФIэфI дыдэт щIэх-щIэхыуэрэ кино гъэщIагъэнэжэм дигъэкIуэну. Щхьэгъусэ зиIэ цIыхухъу-хэм ар кьащхьэщыкIырт си къэухьым хигъэхъэну зэрегугъумкIэ. Ди сабийхэр цIыкIуу къиубгъри, зы илъэси къэмынэу Анапэ дигъэкIуащ. ЩIэкуэдэ зэрызигъэльагъуным хущIэкъуу, музейуэ кьилъытэ Ленинград и дэтхэнэ плIанэпэми зыщыдигъэпльыхьащ. Фёдоррэ сэрэ щэху зэхудимыIэу, ди акъыл зэтехуэу дызэдэпсэуащ, щIалэрэ хъыджэбзэрэ кьыгущIэхъуащ. Абы си псэм зэрызригъэуэщIащ нобэр кьыздэсым си кьупелигъэ нэхъыщхьэр, цIыхухэм сазэрыхэтыр, сызэрыпсэур.

1967 гъэм автомобиль зэжьэхуэм хэкIуэда щIалэм и ныбжьыр илъэс 35-рэт зэрыхъур. Зи фэеплъ нэхум пщIэ хуэфащэ япэ адыгэ скульптор Къалмыкъ Фёдор и IэужьыфIэхэр ноби псэущ, цIыхухэм я псэр игъэгуфIэу, я гукъыдэжьыр кьиIэту.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Асфальтыр узыншагъэмкIэ зэранщ

Зи бжыгъэр зэпымычу хэхъуэ машинэхэм кьалэхэм ущымыбэзэжьыф ящI. Аэхэр зэрылажьэ гъэсныпIэхъэм кьапкъырыкI Iугъуэм и закъуэкъым зэраныр, атIэ, гъуэгум телъ асфальтыр нэхъ шынагъэжщ.

АСФАЛЬТ лIэужьыгъуитI щыIэщ: щIы дагъэр кьыщыщIах щIыпIэхэм пэмыжьыжьэу хьэзыфу кьыщагъэутыпмрэ Iэрыщlымрэ. Щlым кьыщIахыр щабэщ, мазэщ, псынщIэу мэткIу. АсфальтобетонкIэ зэджж Iэрыщlыр битумкIэ зэкIэрышха мывэкIэщхьэрэ пшахъуэу зэхэпльщ, зэрызэпкъырыпь пкъыгъуэхэм я процент бжыгъэм ельытауи Асфальтыр лIэужьыгъуэ зыбжанэу зэщхьэщокI.

И щэбагъкIэ зэхуэмыдэ мывэкIэщхъ лIэужьыгъуэ зыбжанэ щхьэхуэ-щхьэхуэу зэгъэкIабзэ, щlагъэкI, ягъэгъущ, зы кумбыгъэ иракIутэжри битум (процент 9 нэхъыбэ мыхъуу) хакIэж. Асфальтым и фIагъымрэ ар гъуэгум зэрыгетIэ зэманымрэ зэпльытэжар битумращ.

Асфальтыр нэхъыбэрэ гъуэгум телъын, жьыр, псыр, уаер, хуабэр, машинэ хьэлъэхэр зэран хуэмыхъун папщIэ, ар щагъавэкIэ тхъуэбзащхъуэ (серэ), яжьэ, хьэфэ, нэгъуэщI гуэрэхри халъхъэ.

ПщIантIэкIуэцIэм иралъхьагъащIэ Асфальтыр апхуэдэу зэранкъым, ильэси 2-5 хуэдизу телъхэм ельытауэ. Сыт щхьэкIэ жьапIэмэ, хьэуам хэлъ гъуэз щхъухь куэд зэщIешэ Асфальтым, икIи нэхъыбэрэ телъыху нэхъыбэ зэхуэхьэс. ЗэщIишар къыпкъырынэу аракъым, атIэ зэман гуэр дэкIа нэужь, альандэрэ зэхуихьэса гыныр кьеутIыпщыж (псалъэм папщIэ, бзапцIэ (свинец), абы цIыхур иробауэ, и узынщагъэмкIи кьызэрымыIуу зэранщ.

ПъщIэтIэкъуэкъэ, автомашинэхэр куэду щызэблэкI гъуэгуцIухэм бзапцIэр щынэхъ мащIэщ, пщIантIэкIуэцIэм дэк кьыщыщагъэхэм ельытауэ. Ар кьызыхэкIыр - машинэм кьыпих Iугъуэр зыкъ эзэпихуэм зэрырихьэжьырщ.

Апхуэдэ кьэхутэныгъэм урегъэгупсыс: пщIантIэкIуэцIэкмрэ лъэс лъагъуэкэмрэ Асфальтым ипIэкIэ нэгъуэщI зыгуэр теIунхьэн хуейкъэ?! Асфальтыр нэхъ пудщ, дауи, дэнэкI ар щIытралъхьэр гурыIуэгъуэщ. Пэжщ, машинэхэр зэрызекIуэ гъуэгум кьоозэгъ, ауэ, щIэныгъэлIэхэм жаIэм уедалIуэмэ, цIыхухэр, сабийхэр нэхъыбэрэ щызэхэзекIуэ лъэс лъагъуэхэмрэ пщIантIэкIуэцIэхэмрэ мывэкIэ е плиткэкIэ кьищIыкIамэ, узынщагъэмкIэ нэхъ сэбэщ.

«ПщIантIэкIуэцIэхэмрэ лъэс лъагъуэхэмрэ Асфальт тезыIъхьэ машинэшхуэхэр щызэблэкIыфырыкъыми аращ ахэр нэхъ псынщIэу кьыщIихужьыр. Iэкlэ яуба Асфальтымрэ машинэм ибамрэ я фIагъыр зыкъым: пщIантIэкIуэцIым телъыр нэхъ щабэу кьоно, мазэщ. Апхуэдэм Iугъуэр нэхъ псынщIэу зэщIешэ, гын нэхъыбэ кьыпкъыырокIыж, жьымрэ псыгъэмрэ нэхъ псынщIэуи зэхахъутэж. ЗэкIыпIэу щыIэр зыщI - цIыхухэр нэхъыбэу щызэблэкI щыпIэхэм мывэ е плиткэ идзынырщ. Пэжщ, абы мылъкушхуэ ихьынущ, ауэ нэхъыбэрэ лъжьэнущ, цIыхум и узынщагъэм зэран хуэхъунукъым», - жеIэ УФ-м и Санэпидемнадзорым и технолог нэхъыщхьэ Геральдов Вениамин.

МИСИНЧУК Роман.
Зэзыдзэкlар **ФЫРЭ Анфисэщ.**

ХъыбарегъащIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм хагъэхьэну ныбжьыщIэхэр къыхахыныр зэтраублэж. Абы теухуауэ хъыбар ирагъащIащ еджапIэхэм я студент зэгухьэныгъэхэм.

КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм дэфтэрэхэр ирагъэхьын хуейщ 2022 гъэм гъатхэпэм и 16 пщIондэ. УпщIэ зиIэхэр псалъэ хьунущ 42-60-84, 40-45-26 телефонхэм.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущlапlэ.

Мэлгъэбэгрэ Мэздэгурэ щахъумэм...

115-нэ шу дивизэм и цIэр зезыхьэ Налшык лъэхъуакIуэ гупым хэтхэм Курп Ипщэ яхъумэу иIэ щIыпIэ хэхам (КъБР-м ЩIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм епхащ) и лэжьакIуэхэр я гъусэу, иджыблагъэ къуажэм и ипщэ-кьуэкIыпIэ гъунэмкIэ хуэзэу зауэлIищым я къупщхьэлъапщхьэхэр кьыщагъэутыжащ.

Ар кьызэрагъэпэщат «Фэеплъым и вахтэ - 2022 гъэ» Iуэхугъуэшхуэр екIуэкIыным и пэ кьихуэу. Гупым я унафэщIу щыта Заруцкий Олег зэрыжиIамкIэ, кьыщIатIыкIыжа къупщхьэлъапщхьэхэр зейхэр хэкIуэдауэ щытащ 1942 гъэм Мэздэгурэ Мэлгъэбэгрэ яхъумэу екIуэкIа зэхэуэм.

- Къэдгъуэтыжа хьэпшыпхэм яхэлъ тутыныпхъэм тетхам тепщIыхьмэ, зауэлIхэм ящыщ зым Осипов унэцIэр иIэнкIэ хъунущ икIи ар 59-нэ ОСБР-м хэтагъэнущ. Урысей Федерацэм ЗыхъумэжьныныгъэмкIэ и министерствэм и архивым а унэцIэр иIэу дзэ гупым хэта цIыхуищым я цIэ кьыщыгъэльэгъуащ зы зэманым ирихьэлIэу хъыбарыншэу кIуэдауэ. Абы ипкъ иткIэ пэжыыгъэшхуэ икIи жэуапльныныгъэ зыпыль къытпэщылIу къызэпыытэ, щыуагъэ щыныIэу Iуэхур зэхэгъэкIын хуейщи, - кьыхигъащащ Заруцкэм.

Лъыхъуакlуэхэм къагъуэтыжа къупщхьэлъапщхьэхэмрэ кьауэ пкъыгъуэхэмрэ Iэрагъэхьащ Урысейм и ОМВД-м Следствэмкlэ и комитетым Тэрч районым щIэ кьудамэм.

Апхуэдэуи кьыхагъащащ зауэм хэкIуэда лIыхъужьхэр пщIэ яIэу зэрыщlалъхьэжынур, Тэрч муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэр кьыдэIэпыкIуу.

КУАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 5, *щэбэт*

♦Гаджетхэр гъэункIыфIауэ щыгъэтыным и дунейпсо махуэщ

♦1911 гъэм кьалъхуащ КъШР-м и къэралIажькIуэ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щыта, Къэрэшей-Шэрджэс автономнэ округым и Адыгэ-Хьэблэ щIыналъэм и унафэщIу лэжьа **Кьардэн Iэдэм.**

♦1950 гъэм кьалъхуащ полковник, жьлагъуэ лэжьакIуэ, Израилым щыIэ Рихьэние кьуажэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Гъыш Самир.**

♦1953 гъэм кьалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, УФ-м и Кьэрал саугъэтым и лауреат, ЩIДАА-м и академик **Бэвыж Мухьэмэд.**

Гъатхэпэм и 6, *тхьэмахуэ*

♦Дзэ дохутырым и дунейпсо махуэщ

♦Гъатхэпэм и 6 - 12-хэр глаукомэ узыифэм ебэныным и дунейпсо махуэщ

♦Сабийхэм яхуэлажьэ телевиденэмрэ радиомрэ я дунейпсо махуэщ

♦1929 гъэм кьалъхуащ абхъаз тхакIуэ, СССР-м и Кьэрал саугъэтым и лауреат **Искандер Фазиль.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 8, жэщым 1 градус щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 7, *блыщхьэ*

♦Театрым зэрыщIыхьэ билетхэр зыщэ кассиым и махуэщ

♦1960 гъэм Куба щыщ жэмыш Пащты Салимэ Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъжьэ цIэр кьыфIащащ.

♦1919 гъэм кьалъхуащ адыгей тхакIуэ, усакIуэ, зэдзэкIакIуэ **Жанэ Кърымызэ.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 6, жэщым 1 градус щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 8, *гъубж*

♦Цыхубзхэм я дунейпсо махуэщ

♦Жьэжьейм и дунейпсо махуэщ

♦1923 гъэм «Адыгэ макъ» (Адыгэ Республикэ) газетым и япэ номерыр кьыдэкIащ.

♦1936 гъэм Налшык кьыщIэIуахащ Кировым и цIэр зезыхьэ санаторэр.

♦1955 гъэм кьалъхуащ Полышэм щыщ тхакIуэ, щIэныгъэлI, ди щIыналъэм зыплъыхьакIуэ кьакIуэу адыгэхэм я псэукIэм теухуауэ илъэгъуаэр зытхьжа, суэртхэр зыщIа **Потоцкий Янэ** кьызэралъхурэ илъэс 257-рэ ирокъу.

♦1918 гъэм кьалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Сибэн Быхуэ.**

♦1936 гъэм кьалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Арэшыкъуэ Виктор.**

♦1940 гъэм кьалъхуащ техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Кьаскъуп Мусэбий.**

♦1950 гъэм кьалъхуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **Унэрокъуэ Рае.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх кьыщещхынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 6, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 9, *бэрэжьей*

♦1641 гъэм кьалъхуащ урысей дзэ къулыкъущIэ, контр-адмирал **Черкасский Михаил.**

♦1946 гъэм кьалъхуащ къэфакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Къарэжь Людмилэ.**

♦1954 гъэм кьалъхуащ СССР-ми Европэми стIолыщхьэ теннисымкIэ я чемпионкэ, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Батыр ФатIимэ.**

♦1956 гъэм кьалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ.**

♦1961 гъэм кьалъхуащ балетмейстер, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тхьэмокъуэ Мартин.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх кьыщещхынущ. Хуабэр махуэм градуси 2, жэщым 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Анэр зыщытхъур и бынщи, быныр зыгъэдахэр кьабзагъэщ.

Псэуныгъэм лIыгъэ хэлъщ

Хэти къыгурыIуэ къыщIэкIынщ цIыхум и хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэмрэ къызэпызыуд Iэмалу экстремизмэмрэ терроризмэмрэ зэрыщытыр. IэщIагъэлIхэм зы жьэу жаIэ щIэблэр зэфIэувэн щыщIидзэм, нэгъэущIу жыпIэмэ щысабийм щегъэжьауэ, зи гугъу тщIы Iэхэухэм ахэр щыхъумэным, щыху гъашIэр абыхэм зэракъутэр къагурыгъэIуэным иужь зэриты пхъэр.

НЫБЖЬЫЩIЭХЭМ ящIэн хуейщ терроризм нэпс, гуауэ къызэрихьыр. Ящ1э къудей мыхъуу, зым адрейм пщIэ хуищIыу псэуным и мыхьэнэр зыхуэдэр зыхащIыу къэгъэтэджыныр псом япэщ. Зи гугъу тщIым гулъытэ щыхуащI КъБР-м Экстремизмэм пэщIэтыныжьрэ щIалэгъуалэр политикэмрэ япыщIа лэжьыгъэхэр щIыпIэхэм щызэгъэуIуныжьмкIэ и министерствэм. Абы и зы щапхъэ Iэхэугъуэ иджыблагъэ щекIуэкIащ Кыщпэк курыт еджапIэм.

«Зэхуэдэхэм я зэпсэльэныгъэ» урысейпсо Iэхэум хьахьэу, щIалэгъуалэм яIуащIат КъБР-м экстремизмэм пэщIэтыныжьрэ щIалэгъуалэ политикэмрэ яплыщIа лэжьыгъэхэр щIыпIэхэм щызэгъэуIуныжьмкIэ и министр **Къуэшырокъуэ Залым**. А Iэхэум хэтащ Бахьсэн районым и Iэтащхьэм хабзэхьумэ Iэнатlэхэм ядэлажьэныжьрэ Iулъхьэм пэщIэтыныжьмкIэ и къуэдзэ **Тохъутэмыщ Мухьэмэд**.

Зэ1ущIэр лъэныкъуитIым я дежкIи гупсэхуу екIуэкIащ. Сыхьэтитlым щIиГуэкIэ зэбгъэдэсахэм я гукъеуэ зэхуаIуэтащ. Куэдым щIэупщIащ щIалэгъуалэр: дуней псор зыгъэгулээа пандемием, Хэку зауэшхуэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и илъэси 100-р зэригъэлъэпIэнум, нэгъэущIхэмри. Ауэ псом хуэмыдэу ныбжьыщIэхэр нэхъыбэу зыщIэупщIар республикэми нэгъэущI къэралхэми терроризмэмрэ экстремизмэмрэ зэрыщыпщIэт щIыкIэрт.

Къэушырокъуэр тепсэлыхьащ щыхуэхэр щIалэджагъэм хуэзышэ гупсысэхэр нэхъыщхьэу къызыхэкIым. Абы ныбжьыщIэхэм яжриащ иджыпсту щIалэгъуалэм я нэхъыбэм унагъэмрэ школымрэ зыхуаущиир IэщIыб ящIурэ я Iэхэу еплъыкIэхэр социальнэ сетхэм щатхэжи елъыта зэрыхьэр.

- ЩIэпхъаджагъэхэм уазэрыпэщIэтыфыну Iэмалхэм я нэхъыбэр апхуэдизэхэр къызыгъэхъуныжьмкIэ щIэблэр щIурэ я Iэхэу еплъыкIэхэр социальнэ сетхэм щатхэжи елъыта зэрыхьэр.

- ЩIэпхъаджагъэхэм уазэрыпэщIэтыфыну Iэмалхэм я нэхъыбэр апхуэдизэхэр къызыгъэхъуныжьмкIэ щIэблэр щIурэ я Iэхэу еплъыкIэхэр социальнэ сетхэм щатхэжи елъыта зэрыхьэр къехъулIэну.

Гу зэрыльыттащи, мыпхуэдэ зэхуэзэхэр щIэх-щIэхыурэ щIалэгъуалэм ядебгъэкIуэкIыныр щхьэпэщ. Апхуэдэ зэIущIэхэм щIыху пажэхэр, Iэщ1агъэлIхэр, зыдаплъеину нэхъыжьыфIэр ирагъэблагъэмэ, шэч хэмылъу, фIы кьыдэкIуэнущ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Квази-вагъуэ

Астрофизикхэм уахэм къыщалъэгъуа къэщIыгъэхэм ящыщу я нэхъ щынагъуэ дыдэу мы зэманым къалъытар квазивагъуэкIэ зэрджэхэрщ («квази» - латин псалъэщ, «ещхь» жьхуиIэщ).

КВАЗАРХЭР, я зэпрыупIэр куэдкIэ нэхъ щIыкIу пэтми, нурыбзу къапихым гуащIагъэ ин дыдэ зэрызэрахьэмкIэ адрей вагъуэхэм йомыгъэщхьын къэщIыгъэщ. Абыхэм я къэунэхукIэ хъуари, я зэхэлъыкIэрэ щIэнигъэлIхэм иджыри къызэдэсым нэгъэсауэ яхуэзэхэгъэкIакъым. Аращ а пкъыгъуэхэм, вагъуэ абрагъуэхэм ещхьу зэщIэлыдэхэм, квази-вагъуэкIэ щIеджэри.

Укъэзэгъащхьэу нурыбз къызыпхидз къэщIыгъэхэм къыщхьэщыкIынигъэ нэхъыщхьэу яIэхэм ящыщ зыщ ахэр, зэрыгъпыудза и лъэныкъуэкIэ, жьжьащэ зэрыщыIэри. Квазархэм къаутIыпщ нурыр ди деж къэсыным илъэс мелард бжьыгъэ токвазарырщ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, абы илъэс мелард 12-м нэблагъэ и ныбжьщ. И кIуэцIым зыщызыгъэпщкIуэ «мащэ кIыфIым», уегупсысми уи фIэщ мыхъуну, ди Дыгъэм къишэчым нэхърэ мелард 40-кIэ нэхъыбэ и хьэлъагъщ! Астрофизикхэм зэрыжаIэмкIэ, зы щыпIэм щызэхуэхьэса къэщIыгъэм дежкIэ ар икъуэкIыжькIэ куэдыгъуэщ. Нэхъыщхьэхыр аращи, зи гугъу ящI квазарым зэгъэр (ар иджыщ щалъэгъури) къызыпхигъэлыгъукIауэ щыта нурым и зэщIэнэхуэжькIэр вагъуэ «къызэрыгуэкI» триллион 300-м зэхэту куэдзым хуэдизщ, е нэгъуэщIу жыпIэмэ, ди Шыхулъагъуэм зэрыщыту къыпкъырыкI нэхъри нэхърэ мин 25-кIэ нэхъыбэщ.

Фlэщщыгъуеймри, а псоми щхьэусыгъуэу яIэр зыщ: S5-0014+81 квазарым и кIуэцIым зыщызыуфдыгуэ «мащэ кIыфIым» зы илъэсым къриубыдэу, псори зэхэту, ди Дыгъэм и хьэлъагъуэм елъытауэ мин 4-кIэ нэхъыбэ къэзышэчын пкъыгъуэхэр (дэнэ къурихми) зэрызыщIилъэфэфырщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.



НэхъыфIу къалъытэ

«Компьютер Iэмалхэр педагогикэ щIэныгъэр хэзыгъахъуэщI» урысейпсо онлайн олимпиадэм кърикIуахэр къапщытэжащ. КъБКъУ-м педагогикэмкIэ, физическэ щынхабзэмрэ спорт егъэджэныгъэмкIэ и институтым и егъэджакIуэ нэхъыжь Пщыгъэуэ Руэланнэ олимпиадэм щытекIуахэм ящыщщ.

ЕГЪЭДЖАКIУЭХЭМ иджырей технологиехэр къызэрагъэсэбэныфырр, щIэныгъэхьхутэныгъэ лэжьыгъэхэм хуаIэ бгъэдыхьэкIэр, абыхэмкIэ я зэфIэкIыр зыхуэдэр гъбелджьылныкIт олимпиадэм и къэлэныр. Абы и къызэгъэпщакIуэщ егъэджэныгъэмкIэ «Диплом педагога» дунейпсо зыIужьныгъэ центрыр. Олимпиадэм я зэфIэкI щеплъыжащ егъэджакIуэ ныбжьыщIэу 370-рэ. Зэпеуэм я щIэныгъэлэжьыгъэр ирагъэхьащ, тест лэжьыгъэхэри ирагъэщIащ.

Олимпиадэм щытекIуа Пщыгъэуэ Руэланнэ щIэх-щIэхьыурэ хэтщ щIэныгъэ зэпеуэхэм икIи екъулIэныгъэхэр зыIэрегъахьэ. ВАК-мрэ РИНЦ-мрэ я журналхэм и щIэныгъэ лэжьыгъэу 15 ихуащ.

- Университетым щылэжьэн зэрыщIэдзэрэ зэпеуэхэм сыхэтщ. Абыхэм Iэмал къуат зыбгъэунэхужьну, щIэныгъэм хэбгъахъуэну, уи зэфIэкIхэр къызыкъуэпхьну. Олимпиадэм езгъэхьа лэжьыгъэри гукIи псэкIи сызэлэжьащ. НэгъэущIуи хъунукъым, Iуэху узыпэрыхьам гуащIэ имыкъэлIэмэ, кьикIын щыIэкъым, - жеIэ Руэраннэ.

«Зыщыпсэу щIыналъэм и щхьэхуэныгъэхэр къэлъытауэ педагогикэм и лэжьакIуэхэр гъэхьэзыфын» - аращ Пщыгъэуэ Руэраннэ мы зэманым зэлэжь кандидат лэжьыгъэм и фIэщыгъэр. И щIэныгъэ унафэщIыр КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IэхэухэмкIэ и комитетым и унафэщI Емуэ Нинэщ.

ЗэхъуэкIыныгъэ гъэщIэгъуэнхэр зыгъуэт олимпиадэхэр

Анэдэлъхубзэхэмрэ лъэпкъ литературэхэмкIэ Налшык къалэ махуитIкIэ щекIуэкIа олимпиадэхэр дыгъуасэ зэфIэкIащ. Ар къызэзыгъэпэщари езыгъэкIуэкIари Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IэхэухэмкIэ и министерствэр, щызэхэтар ЕгъэджакIуэхэм я Iэщ1агъэмрэ щIэныгъэмрэ щыхагъахъуэ центрырщ. АнэдэлъхубзэмкIэ яIэ щIэныгъэр наIуэ ящыну олимпиадэм щыIуи 130-м щIигъу къекIуэлIащ.

ОЛИМПИАДЭХЭР Iыхьитlу зэхэтт - тхыбзэ лэжьыгъэрэ жьэрыIуатэ гъэунэхуныгъэу. Дэтхэнэ зы Iыхьэми еджакIуэхэм къалэн щаIащ анэдэлъхубзэмкIэ яIэ есэныгъэри лъэпкъ литературэмкIэ зрагъэгъуэта щIэныгъэри зэIущIыIу щащIыну.

Тхыбзэ Iыхьэри пкъыгъуитlу зэхэуэнат. Япэ тхыгъэр къеджэныгъэ (диктант) жьпхъэм итт. Абдеж къыщыIэта хъуа Iуэхугъуэм зрагъэужьыжу, гупсысэрэ купщIэкIэ пэджжэу етIуанэ пкъыгъуэм псальи 100 нэхърэ мынэхъ мащIэу цIыкIуэм тхыгъэ (сочиненэ) къыпагъэувэжьын хуейуэ къалэн яIэт. Ауэ щыхъукIэ етIуанэ пкъыгъуэр къызэрыгъэтIысхьыным - абы Iэмалыншэу зэкIащIэпм мыхъу псалъэ зэхэжьыхьахэр, псальэжьхэр, жьIэгъуэ гъэщIэгъуэнхэр хэбухуанэурэ птхын хуейт. Абы къищынэмыщIауэ, еджакIуэхэм я къалэнт къыщIэдзапIэрэ кIэухымрэ зэзыпх фIэщыгъэри зы хъуа текстым къыхуагъуэту фIащыну.

Текстхэр тхыдэм, лъэпкъ гъащIэм, цIыху зэхущытыкIэхэм, дыкъэзыухъуреихь дунейм ятеухуауэ щытащ.

Тхэныгъэм къищынэмыщIауэ, бзэхабзэм екъэпIа Iэхэугъуэ зыбжани зэпкрэхьхьн хуейуэ олимпиадэм къигъэувырт. Ахэр зытеухуакIэ зощхьэщыкIырт. Псальэм папщIэ, псальэр макъкIэ зэрызэхэткIэ щызэпкърах, псальэр зэрызэхэт пкъыгъуэкIэ щагъэнахуэ, псальэухар пкъыгъуэкIэ щызэпкърах, псальэ зэхэжьыхьахэм я мыхьэнэр къыщаIуатэ, Iэхэугъуэ пыухыкIахэм псальэжьхэр къыщыхуагъуэт Iэмалыншэм хэтащ.

Олимпиадэм къыщыхалъхьа лэжьыгъэхэр гъэзэщIэным сихьэтищым нэблагъэкIэ яужь итащ цIыкIуэхэр.

Тхыбзэ лэжьыгъэхэр щызэфIэкIым, цIыкIуэхэр етIуанэ махуэм жьэрыIуатэ гъэунэхуныгъэхэм хэтыну кърагъэблэгъащ. Къыхэгъэщын хуейщ зэпеуэм хэтахэр 9-11-нэ классхэм щIэс ныбжьыщIэхэр ару зэрыщытыр. ЕтIуанэ махуэм класс къэс ирата лэжьыгъэр я гъэпсыкIэкIэ зэщхьэщыкIырт.

9-нэ классым щIэс цIыкIуэхэм зэрагъэпэщын хуей къэпсэльэныгъэр Iуэхугъуитхуим тещIыхьауэ щытащ. Дэтхэнэ зымкIи цIыкIуэхэм яIэ гупсысэр, ар я нэгу къызэрыщIэувэр, Iуэху зэхэмыбз гъэр хэлъмэ, зэфIэхыкIэ хъунумкIэ къэпсэльэну Iэмал къаритырт. 10-нэ классым щIэсхэр сурэтымрэ къызэгъэпэщакIуэхэм абы хуащIа фIэщыгъэмрэ зэрипхыу къэпсэльэн хуейуэ я къалэнт. Ауэ щыхъукIи, къэпсэльэныгъэр къызэрыгуэкI псальэмакъ мыхъуу, монолог жьпхъэм иту, кьыхуеджэныгъэ, кьыхуэгъэщынныгъэ, гупсысэ пыухыкIам хуэузышэ псальэ зэгъэпэщауэ щытын хуейт. 11-нэ классым щIэсхэм яIа лэжьыгъэ нэхъ гугъуу къыщIэкIынщ. Зэи зэрымыльэгъуа ныбжьыщIэхэр зэрыщIэкIуу нэIуаси зэхуэхьуи, псальэмакъри зэIэпахьу зэпсэльэн хуейт. Мы лэжьыгъэр икIи гъэщIагъуэнт, икIи хьэльэт. Арами, цIыкIуэхэм яхуэзэфIэкIащ зэпщIу хуэжьа я гупсысэкIэм балигъ бгъэдыхьэкIэ халъхьэу екIуу я къалэныр кърахьэлIэн. ГурыIуэгъуэт, я еплъыкIэхэм щыщIэныгъэ гуэр яIэми, гуращэ пыухыкIам зэрытелажьэр, кьапэщIыпI Iэхьуг1уэхэм ирипIейтейми, сытри къаэзрыдахьэнумкIэ гурыщхьэу зэрамыIэр. Ныбжьыщ1эхэм я пащхьэ кьис къэпщIакIуэхэм дзыкъ кьрагъэзым хуэдэу, еджакIуэ цIыкIуэхэр зэIуахуэ псэльащ, къалэн яIэри ящымыгъупщу зэрызэфIахьнум хущIэкъуащ.

Махуитlкlэ екIуэкIа зэпеуэхэм къыхалъхьа лэжьыгъэр зэрыщыту еджанIэ программэхэм техуэрт, мащIэу гъэзгъуэуэ, еджакIуэхэм я гупсысэр игъэпхъэру.

Олимпиадэм и Iыхьэхэм еджакIуэхэм къыщащхьа балIхэр къэпщIакIуэхэм щхьэхуэ-щхьэхуэу ягъэувыжакIащ. КъэрикIуахэр зэхалъхьэжа нэужь, олимпиадэм и къызэгъэпэщакIуэхэм абы щытекIуахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ я цIэ-унагъуэцIэр министерствэм и сайтым кърагъэувэнущ.

УэшыщIугфыкIын Iэхэущ зэхьэзэхуэм къыхьхьа сабийхэм я бжьагъэр зэрымымащIэр. Абы гугъэ къыует анэдэлъхубзэхэм я пщIэр къызэремыхуэхьынумкIэ, абыкIэ зрагъэгъэщт щIэныгъэмрэ есэныгъэхэмрэ кIуэ пэтми заубгъуу зэрекIуэкIынумкIэ. Шэч хэлъкъым, анэдэлъхубзэхэмкIэ екIуэкI олимпиадэхэм сабийхэм къыдалъхуа бзэм гулъытэ я хэха зэрахуригъэщIым, я зэчийм зэрызригъэужьым.

КъыхэгъэпэщакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, дяпэкIэ анэдэлъхубзэхэмрэ лъэпкъ литературэхэмкIэ ирагъэкIуэкIыну зэпеуэхэм екIуэлIэ программхэм къарит щIэныгъэр зыгъэкуу, джэгукIэ Iэмал зыхэлъ, къызэрымыкIуэ бгъэдыхьэкIэхэр зэбгъэкI лэжьыгъэхэр хэтынущ.

ШУРДЫМ Динэ.

Гъатхэпэм и 3-м дунейм и къэрал куэдым ТхакIуэм и махуэр щагъэлъапIэ. 1986 гъэм дунейпсо PEN-клубым и 48-нэ конгрессым ар къыщыэздащтауэ щытащ. PEN хьэрфхэм къарыкIыр гъэщIагъуэнщ. Poets-усакIуэхэр, Essayists-очеркытхэр, Novelists - романытхэр. ТхакIуэхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэр къэрал къэс хьэбарыщIэр хуиту, пэрыуэнщэу щызэкIуэным, щызэлъыха хъуным и хъумакIуэщ.

ТхакIуэм и дунейпсо махуэ

АУЭ ЩЫХЬУКIИ, а махуэр къыхэзылъхьахэр хьыбар нэпцIым, «шыпсэм» и бийщ. Дунейм и къэрал куэдым щагъэлъапIэ гъатхэпэм и 3-р, къэбгъэльагъуэмэ, а махуэр зейр тхакIуэхэм я закъуэкъым, атIэ псальэр зыгъэшэрыуэ, ар зи «Iэщ» дэтхэнэми ейуэ къальытэ. Абы иритхьэлIэу ягъэлъапIэ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэм къыщыхэжаныкIа тхакIуэхэр, дауэдапщэхэр ирагъэкIуэкI.

Дуней псом нэхъ щагъэлъапIэ дыдэ Нобель саугъэтыр 1901 гъэ лъандэрэ литературэмкIэ ят. Япэ дыдэу ар хуагъэфэщауэ щытащ, франджы усакIуэ Прюдом Сюлли. 2015 гъэм саугъэтым и лауреат хъуар белорус тхакIуэ Алексиевич Светланэщ. Нобель саугъэтыр тхакIуитIым щызэдагъэшаи къэхъуащ. Псоми зэхэту ар тхакIуи 107-м иратауэ щытащ. Саугъэтыр зыхуагъэфэщащхэм ящыщу нэхъ щIалэ дыдэр илъэс 42-м ит Киплинг Редьярдт. Нэхъыжь дыдэр Лессинг Дорисщ, илъэс 88-м итт.

Нобель фондым хуэгъэпса хабзэм зэрытемкIэ, а саугъэтыр зратыныхэр къагъэлъэгъуэну хуитщ:

- швед академиим, институтхэм, апхуэдэ къащIэнрэ мурадрэ зиIэ зэгухьэныгъэхэм;

- щIэныгъэ нэхъыщхьэ щIагъэгъуэт еджапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм бзэмрэ литературэмкIэ я профессорхэм;

- литературэмкIэ Нобель саугъэтым и лауреат хъуахэм;

- къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щыIэ тхакIуэхэм я зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадэхэм.

Къыхэгъэщыпхъэщ саугъэтыр щаткIэ ар къэзыхьахэм я цIэм фIэкIа адрейхэм ейр къыззырамыIуэр. Зэпеуэм хэта тхакIуэхэмрэ абыхэм хужаIахэмрэ илъэс 50-кIэ яущэу.

ЩыщмыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым хэхэс адыгэхэм ящыщ Памык Орхьан а саугъэт Iыпл1эр 2006 гъэм къыхуагъэфэщауэ зэрыщытам. Адыгэ лъэпкъым и щхьэр лъагэу езыгъэлъагъужа Iэхэугъуэщ ар, адыгэ къуэпс зэриIэр къэпшIылтэмэ. Памук дунейпсо саугъэту къыхуагъэфэщам щIэи гъуни иIэкъым, езыр тхакIуэ нэхъыфI дыдэу пщIым я бжьгъэм хэтщ. Орхьан къыщалъхуари къыщыхъуари Тырку щынальэрщ, нэхъыбэу зытетхьхьари а къэралыгъуэм и тхыдэрэщ. Ауэ щыхъыкIи, абы и хъуэпсхэр къыщежьэр зэи щыгъупщэркъым.

Нобэ, ТхакIуэм и дунейпсо махуэм, дэ фIыкIэ дигу къэдгъэкIыжьпхъэщ я къалэмпIэм къыпыкIа тхыгъэ тельыджэхэмкIэ урысейпсо, хамэ къэрал утыку дизышахэу, адыгэм и цIэмрэ и пщIэмрэ лъагэу зыIэтахэу ЩоджэнщыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, КIэрашэ Тембот, Шортэн Аскэрбий, Мэшбащ1э Исхьакъ сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

«Сариа»

Усакlуэ, драматург, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ и пьесэм къытращыкIа спектакль щагъэуваш Абхъаз къэрал драмэ театрым.

РЕЖИССЕРЫР Аргун Мадинэщ, спектаклым сурэтхэр хуэзыщIар Цвижбэ Нодарщ, абхъазыбзэкIэ зэзыдзэкIар Хаджимбэ Иннэщ.

Пьесэр теуэращ Абхъазым и политик лэжьакIуэу, и унафэщIу щыта Нестор Лакоба (1892 - 1936 гъэ.) и щхьэгъусэ Сариа и гъащIэм. Ар ягъэтIысауэ щытащ, ягъэкIуэда и щхьэгъусэр «лъэпкъым и бий» зэрращIри яхуидзэрэкъым. Бзыльхъугъэр тхьдэм хьхьащ къабзагъэмрэ пэжыгъэмрэ и фащэу.

ГЪУЭТ Синэ.

Къуаншагъэр зэрагъэзэкIуэж Iэмалыщ1э

Урысей ФСИН-м илъэситху хъуауэ къеГъэсэбэп зэхащIыхьа щIэпхъаджагъэр зэхагъэкIыу суд унафэкIэ тезыр зытралъхьахэм я къуаншагъэр лэжьыгъэкIэ егъэпшынысынымрэ хуэунэтIа Iэмалыр. Федеральнэ Iэнатlэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм егъэщIылIа апхуэдэ центр ди республикэми щыIэщ.

ХАБЗЭМ ебэкъуауэ, щIэпхъаджагъэ ялэжьауэ къалъытэу абы хуэфащэн тезыр зытралъхьахэм ящыщхэр хуит ящI щхьэхуимыту щаIыгъыну пIалъэр тутнакъэщхэм имыюу, къыхуагъэпытагъуэ лэжьыгъэм пэрыту центр хэхам щрахьэкIыну. Апхуэдэ Iэмал зратхэм ящыщщ ялэпуэ къыщIэхуаахэр, щIэпхъаджагъэр, ари мыхьэпсэу, а зэм фIэкIа зымыIэжьхьэр, щхьэхуимыту щаIыгъыну тралъхьа пIалъэр мазитIым къыщыщIэдзауэ ильэситхум щIимыгъэмэ.

ЦIыхур тутнакъ щIыным и пIэкIэ егъэзыгъэкIэ гъащIэм, жылагъэм тэмэму, гуэрыдзэ ямыщIу хэдгъэхьэжыныщ. Ахэр мыбы дэдубыдну ди мурадкъым, атIэ хуит хьужа нэужь зыми зэран хуэмыхъуу лажьэрэ шхэжу, я щхьэ Iуэху дахьэкIыжьфу псэуным тедухэунырщ зи Iуэху зетхуэр, - жиIащ центрым и унафэщIым. - Ди нэIэ щIэтхэм лэжьыгъэ къахуэдмыгъэзытыфу апхуэдэ гугъуехь диIэкIым. Мы зэманым Прохладнэ къалэм и Iуэхущ1апIэ 20-м зэгурыIуэныгъэкIэ дапыщIащ тутнакъэр щыгъэбзэрэ зыльытэ теуэхуауэ. Ди деж щыIэхэм я нэхъыбэр хьэлэлу щхьэж и Iэнатlэ пэрытщ, сыту жьIепэмэ, зыгъэлажьэхэм я губгъэн къамыхьу, тэмэму зи къалэнхэр зыгъэзащIэхэм Iэмал ягъуэт нэхъ пасэу хуит хьужу я унагъуэхэм яхьыхьэжьну.

Мы центрым щыIэ хабзэхэм хуэдэхэм тет къудамэхэр яIэщ Урысей ФСИН-м и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм хьихьэ 4-нэ, 5-нэ колониехэми, цIыху 40-м, 50-м ятещIыхьауэ. Абыхэм ягъакIуэ гъуэгу захуэ теуэжжу гу зыльатэ тутнакъэр. ЛэжьыгъэкIэ тезырхэр егъэпшынынымрэ зи лъабжьэ Iэмалыр нэхъыбэрэ къэралым къыщагъэсэбэп зэрыхъум къыжаIыу, Къэбэрдей-Балъкъэрми иджыри апхуэдэ зы центр къыщIэзыIуахьну я мурадщ. Ар щаухэунущ судкIэ тезыр зытралъхьахэм Iэнатlэ нэхъ щагъуэтыну къальытэ щIыпIэм, сыту жьIпIэмэ, лажьэкIэрэщ абыхэм я къуаншагъэр зэрагъэзэкIуэжьфынур.

ЗЭБАР Мадинэ,
КъБР-м щыIэ УФСИН-м и пресс-Iэнатlэм и унафэщI.

Къэбэрдей театрыр ефIэкIуэнырщ си хъуэпсапIэр

«Псым езым и жапIэр къегъуэтыж» жиIэ хабзэщ адыгэм, цIыхур къызыхуигъэщIар, зыхуэIэижьыр къыхихын папщIэ зрикIуа гъащIэ гъэугъанэхэр къригъэлъагъуэу. Щыгъэ зыгуэрым инунтIхэри, езыр-езыру гурэ псэкIэ зызыцунэтIыжхэри. ТIум щыщуи тIэкIу-тIэкIу хэлъауэ жыпIэкIэ ущыуэнукъым Къэбэрдей театрым зи гъащIэр щхьэузыхь хуэзыщIа актрисэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артисткэ Бжэлумых (Шыбзыхуэ) Барисэт (нэхъыбэм ар зэрацIыхур и шыпхъум цIэ лейуэ къыбIищауэ щыта Беллэрщ). Ар зыхэта спектаклхэр куэд мэхъу, и утыку итыкIэр зэ зыпIэзгъауми жиIэфынущ Беллэ артист Iэщ1агъэр къызэхъулIэхэм, абы ирипсэухэм, гурыфIыгъуэ къыхэзыхэм зэращыщыр.

Аруан районым хьихьэ Къуэжьыкъуэй Ищхьэрэ, Шэрэдж Iуфэ Iус къуажэм 1952 гъэм мазаем и 20-м къыщалъхуащ. Къыщыхъуар къуажэ гупэмкIэ щыпсэу хьэблэ узынщэт, хьэблэ дахэт, сабий куэду дэсу. «Псори дызэныбжьу жыпIэ хъуну апхуэдэт, псори зэгъусэу дыджэгурти, школым, псым, кином дыщыкIуэкIи дызэщыгъэурти. Ди хьэблэ къудейм щыщу цIыхуитху сэ сыщеджа классым зэгъусэу дыщIэсащ», - игу къегъэкIыж Беллэ.

Сабиигъуэ - дыщэ къуэпс

Псори къыщежьэр сабиигъуэращ, укъызыхэхъукIа унагъуэм, уцеджа школым, укъыщыхъуа хьэблэм куэд иIыгъщ. Беллэ и адэ-анэр цIыкIу къабзэт, зэкIэлъыкIыгът, жыпIэнуракъэ, бынунэм щапхъэ зытрахьи яIэт. Ахэр лэжьакIуэшхэти, ущыкIызэгъуэ яIэтэкъым икIи зэрыхъукIэ, зэралъэкIкIэ сабийхэр абыхэм ядэIэпыкъурт.

- Си шыпхъу нэхъыжь Томэ (унагъуэр Роэзт дыэзеджэр) и уэзнышагъэм теухуауэ Налшык и Долинск хьэблэм щыIэ «Лесная» жыхуаIэ школым илъэс зыбжанэкIэ щеджэн хуей хъуат, - жеIэ Беллэ. - Ар къыщыкIуэжьым и деж зи IутIыжыр си закъуэтэкъым, зэрыхьэблэу абы щыгуфIыкIырт, апхуэдизкIэ фIыуэ яIъагъурти. Томэ джэгукIэ гъэщIэгъэн Iэджэ ищIырт, дэ дымыщIэ хъыбар щIэщыгъуэ куэд къыщIэжьырт. ИужькIэ къызэрыгурыуащи, ахэр еджапIэм щилъагъу-щыдзихиxэм ящыщу арат. ЯпэщIыкIэ зищысыр къыдгурымыIуащэ «красотам» и зэхьэзэхуэ иригъэжькIуэу щытащ абы. Си нэгу къызэрыщIыхьэжыр ди хьэблэ хьыджэбз цIыкIуэхэр дригъэувэкIауэ, езым къэрэндащэр тетрадрэ иIыгъыу, шэнт цIыкIум тесу дыдэпиплъыхьыщ. Сэ япэ увыпIэр зыхуэзгъэфащэр си шыпхъу Гуащэгъагъ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ди унагъуэмэ, ди благъэхэми, ди хьэблэми яфIэдахэт, школым фIыуэ щеджэрт. Си цIыкIум тещIыхьауэ сегупсысхьэртэкъым, хъэзлэжьи къысщыхьуртэкъым. Къыгъохплъэ, дызэпеплъыхьри, ипэ дыдэм деж ит хъыджэбз цIыкIум япэ увыпIар абы къыкъауэ и щIэ кърейуэ. Ар дауэ, схуэзхуэгъакIуэркъым. Япэрауэ, хамэ хьэблэщ, етIуанэрауэ, Гуащэ къигъанэу щхьэ ирита? АрщхьэкIэ Томэ жиIам шэч къытепхъэ мыхъунут дызэреари, зыми зыри жыгIакъым. Нэхъ дахэу хуиIыпатар дэр нэхърэ нэхъыжь къыщIэкIынт, зэрысщIэжымкIэ, нэхъ щхьэпэльагэт, кьамылпфэ щIыкIурэ лъагъуэфIэ дыдэу. ИужькIэ сызэрегупсысжамкIэ, кьилэжьуи къыщIэкIынут абы япэ увыпIэр.

Си хадэм узэрихьэу, ижьырабгъумкIэ Iуащхьэ лъагэ итт. Псори абы зырызыххэу дэкIуейуэрэ, хэт сытым хуэIэижьми кьигъэльэгъуэн хуейт. Уэрэдми, кьафэми, усэ кьеджэнми тхъущIэр тщIэн хуейуэ зэхьэзэхуэ къытхугъэуват Томэ. А тетрадымрэ къэрэндащ цIыкIумрэ иIыгъыу Iуащхьэ лъабжьэм деж щыст къыдэпплъу, жыIтIэхэм къедаIуэу.

Нэхъ тIэщIэгъэныжкращи, Томэ куэду иIэт а зэманым къыдагъкIыу щыта «Киножурнал»-хэр. Совет артистхэм я сурэтхэр щхьэужькIэпплъыкIэу зэрыт, абыхэм я гугъу щыщIа, кинохэм щытепсэлъыхь журналым езыр еджа иужькIэ, дэри деплъыт. ЗыфIэгъэщIэгъэнхэм зэIэпэтха иужькIэ, сурэтхэр къыхигъэжьыт. Къалэм и киоскхэм щащэ плакатхэр, артистхэм я сурэт, зыхэта кинохэр, ягъэзэщIа ролхэр зытетхэр щыIэхуэрти, зэхуихьсыт. Ахэр жьыхум хуэдэу зэтрилъхьэрти, сIолыр зэгъэвэлIа блыным фIилъхьэрт. Абыхэм уемыплъмыкIэ Iэмал иIэтэкъым, уи щхьэми къынэрт.

КъыщыынэмыщIауэ, эстрадэм, Эдуард Хиль, Ободзинский Валерий, Татлян Жан, Магомаев Муслим, Кобзон Иосиф, Пьехэ Эдитэ, нэгъэущIэхэми я творчествэм кIэлъыплъырт. А псор щIыжьысIэращи, Томэ и фIыгъэу къыщIэкIынщ абыхэм сэри гу лъыстэу щIыщIэздзар.

Япэ лъэбакъуэхэр

Беллэ етIуанэ е ещанэ классым щIэсу къыщIэкIынт я пионер вожатэм гуащэ театрым и гупжьей къызэригъэпэщауэ блным фIэлъу щилъэгъуам. МакIуэри, зыхъегъатхэ. ЩэкIым къыхэщIыкIауэ хэт мэлыщхьэ, хэт бажащхьэ пыту гуащэ цIыкIуэр сабийхэм ират, жаIэн хуей псалъэхэри щIыгъуу. Роль кIыIысар уиIэн къехь хъыджэбз цIыкIум, пэш щхьэхуэ щIотIысхьэри, абы елэжьу хуэжьэ.

- Си Iэпищым гуащэ щIыкIуэ фIызолъхьэри, жысIэхэм абы и щхьэр зэрищIын хуейр егъэкIуурэ солIалIэ. Тхъэ, дерсхэм нэхъри, унагъуэм щысщIэ Iуэхуэхэм нэхъри нэхъ гъэщIэгъуэнтэмэ! Гуащэ гупжьейм щыдгъэхьэзыра спектакль цIыкIур ди районым и кьалащхьэ Нарткъалэ дошэри, зэхьэзэхуэ гуэрым къыщыдогъэльагъуэ.

Гушхуэу, зэрырипагэр пщIэуэ и классым топсэльыхь Беллэ. Уеблэмэ дерсхэм я зэхуаку дэт зыгъэпсэхугъуэ дакъикъэхэм классым дыкъыщIэкIыртэкъым жеIэ, апхуэдизкIэ зэжраIэжьын я куэдт, зыр адрейм зэхихыртI. ФIыуэ еджэ, ар нэхъ къыщэмыхъулIэ жаIэу зэи зэхэдзакъым абыхэм, сыту жыпIэмэ, дэтхэнэри зыгуэрым хуэIэкIуэльакIуэт, узыхьэху гуэр яхэлът.

- Си гъунэгъу Хужьокъуэ Лусанчэ адыгэбзэ щэрыуэ Iурылът, бзэм хуэIэижьт. Къуажэм зыгуэр къыщыхьуауэ зэхэтхамэ, абы сэрэ дытIысырти, гупсэхуу дытепсэлъыхьырт, ровь кьыхэтхырт. Лусанчэ псалъэхэр яхуитхырт, ахэр дгуэшырти, зрагъащIэрт, дерс нэужьхэм репетицэ тщIырт. Къуажэм дэс нэхъыжьыфI гуэр ягъэльапIэмэ, жьылэм и унафэщIыр, нэгъэущIэхэр абы къыщыпсэльа иужькIэ, школым и зэфIэкIкIэ ягъэхъэзыра концерт кьызэхуэсахэм ирагъэльагъурт, абы ди художественэ самодеятельностым и спектаклхэр къыкIэльыкIуэрт. Пэжыр жысIэнщи, Iэгуауэшхуэ тхуаIэтырт, псалъэ гуапэ къыджаIэрт.

Iуэху мыублэ блэ хэсщ

Класс нэхъыжьхэм нэсауэ, зэгуэрым я классэгъу Шокъум Римм мэ къыхелъхьэ Налшык кIуэуэ адыгэ пьесэ кьагъуэтыну. Къэбэрдей уэрамым тета библиотекэм Риммэрэ Беллэрэ иокIуа-лIэри, Соня Мухьэрбий итха «Иджыри «тIу» пьесэр кьрат. КъокIуэжри, ролхэр ягъуэ, абыхэм ящыщ Белли кьыльос. Елэжьын щIадзэри, бжьыхьэку хъуауэ гъэувын яух.

- Доуэр аби, Риммэрэ сэрэ Къэбэрдей театрым докIуэ, Соня Мухьэрбий кьыдогъуэтри, ди лэжьыгъэм еплъыну кьыдогъэблагъэ. АбыкIэ хъэпщIэнтэкъэ цIыхугъэшхуэ зэрыхэлъыр, Iуэху псомиз зыкьыдегъахуэри, къокIуэ артистыр. Дыщеджэ классрат кьыщыдгъэльагъуэр спектаклри, партэхэр идогъэкIуэтэкI, доска гупэр хуит кьыдошIри, ди IэдакъэщIэкIым идогъэплъ. Псалъэ гуапэ куэд кьыджиIащ, диущиящ, чэнджэщ кьыдитащ. ДыкьыщIокIыжри, кIыфI хъуакIэщ, автобусхэри зекIуэжьыркъым. Си адэ-анэм зы хамыщIыкIыу Мухьэрбий ди деж сошэ. Дахэу ягъэхьэщIэ, тхыдэмрэ философиемкIэ школым щысыгъаджэ си адэмрэ артист лIы бэлъыхьымрэ зэжраIэн ягъуэтынтэжьэ?! ЗамыгъэуэкIуриихаии щIэркъым, ауэ ахэр щысу сыгъуэльыжат, сыкъыщытэджами, Iэнэм пэрысхэт. «Мы хьыджэбз цIыкIур артист хъунущи, евгъэжамэ арат», - кьыжриIат абы щыгъуэ Мухьэрбий си адэм. Абы, шэч хэмылъу, нэхъ сытригъэгушхущ. «Аргуэру «тIу» спектаклыр Нарткъалэ дошэм, зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр кьыщIэсым, радиомкIи кьатыжьым...

Щапхъэ тхуэхъуахэр...

- Къэбэрдей театрым теухуауэ жысIэмэ, мы щIы хъуэрт апхуэдэу тетыр а зыращ, - жеIэ зэрыгушхуэр и нэгуфI ипIыгъэуэ Беллэ. - Ди Iуэхущапсэм щIэлэжьа нэхъыжьыфIхэм ехьэлIауэ псалъэ дахэ, псалъэ пэж кугъ пхужьыIэнущ. Кьапщтэмэ, Сонэ Мухьэрбий, Болэ Мурат, ТIыхъужь Алий, Дыщэкl КIунэ, Сыбэч Быхуэ, нэгъэущIэхэри зым нэхърэ адрейр нэхъ гъэщIэгъэуэну, я лэжьакIэр зэмыщхьэу, сценэм кърахьэ образхэр зэхуэмы-дэу апхуэдэт. Сэ ахэр изогъэщхъ, яхуозгъадэ МХАТ-м щылажьа артист ехьэжьаxэм. Кьапщтэмэ, а ХьэрэкIыжьым зы фIэс-щынт, къыщалъхуа кьуажжэхэм фэеплъ яхуздзэгъэувэнт. Ар абыхэм я акъылкIэ, я зэфIэкIкIэ кьалэжьащ. Ди адыгэ театрым урипагэ хъунущ, а нэхъыжьхэм я деж кьыщыщIэдзауэ щIалэгъуалэм я деж щыщIэжьыжу, ЗэфIэкI зыбгъэдэмыпIу, гу якIуэцIымылъу абы зыри къыщыцIыхьакъым икIи къыщIыхьэркъым. Ди студием театрым и лэжьыгъэм хилъхьэфыр хилъхьащ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэжэм кьыхэкIыу куэди щылэжьэжьркъым. АдэкIэ абы и кьэIэуныр зэлъытар ди щIалэгъуалэращи, мурад дахэу ящIыр кьахуэзэпищэну си гуапэщ.

Кьалэн мытынш

ГукIи псэкIи зи Iэхум хуэпэж дэтхэнэ зым хуэдэу, Беллэ и хъуэпсапIэр зэпхар илъэс куэд щIауэ щылажьэ театрыращ.

- Иджыпсту абы щылажьэхэм я гъэугур тынышму, зыхуей ролхэм телэжьыкIыну Iэмал яIэну, классикэм щыщу спектакль куэд ягъэувыну сыхуейщ. Дэ режиссёрыфIхэм дадэлэжьащ, апхуэдэ насыпт щIалэгъуалэми Тхъэм къарит! Чэнджэщ щхьэкIэ кьыдбгъэдыхьэмэз, зыми «хьуэз» зэрыжаМыIэнур сощIэри, нэхъыжьыбым и ущие хуей щIэблэ кьытщIэхъуэмэ си гуапэщ. Сыхуейт ди театрыр ефIэкIуэну, лъэпкъ гъуазджэм адэкIэ зезыгъэужьыну зи пщэ кьыдэхуэ щIалэгъуалэр а кьалэн мытынышым къыщыгъэжьыну щIыпIэ командэм.

ИСТЭПАН Залиня.

Саган Француазэ и «Удзым хэт пианинэ» спектаклым Алинэ и ролыр щегъэзащIэ. *2001 гъэ*

«Спартак-Налшыкым» зэпеуэм пещэ

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Iпэ гупым 2021 - 2022 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэхэм мы махуэхэм щIадзэж. Мазищым щIигъуэкIэ зэпеуэр зэрызэпагъэуэа зэманым къриубыдэу загъэпсэхунуи, зыгъэсенныгъэхэр ирагъэкIуэкIыныр, футболистыщIэхэмкIэ загъэлъэщыныр командэхэм яхуэзэфIэкIащ. АдэкIэ кIэух зэIущIэ гугъуэхэр къапэщыльщ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ и бжьыхьэ лъэхъэнэр нэхъ пасэу зэрызэфIэкIам и фIыгъэкIэ зыгъэсэныгъэхэм щIамыдзэ щыкIэ ди футболистхэм тхъэмахуищкIэ загъэпсэхуну Iэмал къахуэхъуэкIащ. А зэманыр яхурикъуащ нэгъэсауэ я кьарур зэтрагъэувжьыну икIи я узынщагъэм кIэлъыплъыжьыну.

Налшыкдзэсхэм щIалэщIэ куэд яхэтащ зыгъэсэныгъэхэм щIалэкIыпIэу, ягу ирихьмэ зэхьэзэхуэхэм джэгупIэ губгъуэм кьыщIрагъэхьэну. Дыгъэгъазэм и 12-м щIадза тренировкэхэм командэм лэжьыгъэшхуэ щызэфIигъэкIащ. «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ Биджиев Хьэсэнбий зэрыжиIамкIэ, щIалэхэм гугъыдзжьышхуэ яIэу зыгъэсэныгъэхэр кьрахьэлIащ.

ЗэхъуэкIыныгъэхэри щыIэщ. Хьыбар кьызэрыгIэрыхьамкIэ, лъэныкъуитIри зэдзэрзэныуэ командэм хэкIыжащ налшыкдзэхэм я ехьулIэныгъэхэм хэлъхьэныгъэ мымащIэ хуэзыща футболист Iэзэ Багъэтыр Альберт. КьыщыжьмыщIауэ, Осетиер щIыхьэр - Аланием и «Алания»-м и гъусэу зыгъэсэныгъэхэр ирегъэкIуэкI Чертковым Адэ. «Спартак-Налшыкым» хэту зэхьэзэхуэм и кIэух Iыхьэм щIидзэнущ Масленников Игорь. Абы теухуа зэгурыIуэныгъэ налшыкдзэсхэм я унафэщIэхэм иращIыпащ Ярославль и «Шинник»-м и гъэсэн гъуащхьэхуэмэнкIыхьэм. Адрей щIалэхэр «Спартак-Налшыкым» и гъусэу зэхьэзэхуэм и гъатхэ лъэхъэнэм техьэну я мурадщ.

ЕсэнтIыгу кьалэн зи чэзу зыгъэсэныгъэхэр щиригъэкIуэкIащ «Спартак-Налшыкым». ЩIымахуэ зэгъэхьэзэныгъэ Iыхьэм хиубыдэу налшыкдзэсхэм япэ зэныбжьэгъуэ зэIущIэр драгъэкIуэкIащ Спартак-Налшыкым и комендантэ Iуэхущапсэ Аланием и «Таврополь-АгроСоюз»-м. Хабзэ хуаIуэ зыгъэсэныгъэ къэс зэныбжьэгъуэ зэIущIэ зыдрагъэкIуэкI командэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и футболистхэр 1:0-у ефIэкIащ. ЗэпэщIэтыныгъэм и 35-нэ дакьикъэ екIуэкIыну невиннымысскдзэсхэм я штрафнойм щIхьэм топыр къыIэрыхьащ Лпуп Исльам. Абы къыпежьа гъащIэхэтетым ди щIалэм топыр Iэзэу щхьэпридзэр, «Спартак-Налшыкым» текIуэныгъэ къыхуэзыхьа бжьыгъэ къызэIуихащ.

Iпэ ехьулIэныгъэм ехьулIэжьащ къэзыта Къэбэрдей-Балъкъэрым и футбол командэм зыгъэсэныгъэ иригъэкIуэкIам хиубыдэу кьыкIэльыкIуэ зэныбжьэгъуэгъэ зэIущIэ дриГъэкIуэкIащ Грознэ къалэм и «Ахмат»-м и щIалэгъуалэ командэм. Абыи налшыкдзэсхэм текIуэныгъэ къыхуахьащ сымэджкуэ ди командэм гъусэ яхуэхъуэжа кьудейхэу ХьутIэ Анзоррэ Ашуев Мурадрэ я топхэм. ЗэпещIэтыныгъэм хуахха зэманыр 2:0-у иухащ.

Зыгъэсэныгъэхэм хиубыдэу адэкIэ зи чэзу зэныбжьэгъуэгъэ зэIущIэр «Спартак-Налшыкым» и унэ щиригъэкIуэкIащ. Мазаем и 25-м пльыжь-хужьыфIэхэм 1:0-у хагъэщащ «Мэшыкъуэ-КМВ»-р.

Зэхьэзэхуэр щIидзэныным и пэ къиухуэ иужьрей зэIущIэр налшыкдзэсхэм драгъэкIуэкIащ Белгород и «Салют»-м. ЗэпэщIэтныгъэм и япэ дакьикъэ дыдэм Лпуп Исльам дигъэкIа топым «Спартак-Налшыкым» къыкIэльыкIуэ текIуэныгъэр къыхуихьащ.

Ахуэдэу, 2021 - 2022 гъэ джэгуГъуэм и гъатхэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзыру ди щIалэхэм ирагъэкIуэкIа зэIущIитхуэм пашэныгъэр къыщащхьащ. Уеблэмэ ди хьэрхуэрэгъуэм зы топи ди гъуэм къыдагъэкIыфащхьи.

Зыгъэсэныгъэ иригъэкIуэкIам гукъыдэж къритам лъэхъэнэщIэм къаруущIэ къыщыхихыльхьэну дыщогуфъ «Спартак-Налшыкым». Мы гъэм хиубыдэ япэ официальнэ зэIущIэр ди щIалэхэм гъатхэпэм и 7-м ЕсэнтIыгу къыщIэкIыжащ щIыпIэ командэм.

ЖЫЛАСЭ Замир.

ГъатхэпэмекIуэкIыну зэIущIэхэр

Урысей Федерацэм и етIуанэ дивизионым и Iпэ гуп

ЕтIощIанэ джэгуГъуэ

Гъатхэпэм и 6

(тхьэмахуэ)

СКА (Дон Iус Ростов) - «Дружба» (Мейкъуапэ)

«Динамо» (Ставрополь) - «Анжи» (Мэхъэчкъалэ)

«Биолог-Новокубанск» (Прогресс) – «Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ)

«Динамо» (Мэхъэчкъалэ) - «Форте» (Таганрог)

Гъатхэпэм и 7

(блыщхьэ)

«ЕсэнтIыгу» (ЕсэнтIыгу) - «Спартак-Налшык» (Налшык)

«Черноморец» (Новороссийск) - «Чайка» (Песчанокопскэ)

Гъатхэпэм и 8

(гъубж)

«Алания-2» (Владикавказ) - «TIуапсы» (TIуапсы)

«Ротор-2» (Волгоград) - «Кубань-Холдинг» (Павловскэ)

ТIощIрэ етIуанэ джэгуГъуэ

Гъатхэпэм и 13

(тхьэмахуэ)

«Чайка» - «ЕсэнтIыгу»

«Анжи» - «Черноморец»

«Дружба» - «Динамо» Ст

«Спартак-Налшык» - «Биолог-Новокубанск»

«Кубань-Холдинг» - «TIуапсы»

«Мэшыкъуэ-КМВ» - «Легион Динамо» (Мэхъэчкъалэ)

«Форте» - «Ротор-2»

«Алания-2» - СКА

ПлощIрэ етIуанэ джэгуГъуэ

Гъатхэпэм и 20

(тхьэмахуэ)

«Динамо» Ст - «Алания-2»

«Черноморец» - «Дружба»

«Ротор-2» - «Динамо» Ст

«TIуапсы» - «Форте»

«Биолог-Новокубанск» - «Чайка»

«Легион Динамо» - «Спартак-Налшык»

СКА - «Кубань-Холдинг»

Гъатхэпэм и 21

(блыщхьэ)

«ЕсэнтIыгу» -«Анжи»

ПлощIрэ ещанэ джэгуГъуэ

Гъатхэпэм и 27

(махуэку)

«Дружба» - «ЕсэнтIыгу»

«Алания-2» - «Черноморец»

«Динамо» Мх - «TIуапсы»

«Чайка» - «Легион Динамо»

«Спартак-Налшык» - «Мэшыкъуэ-КМВ»

«Форте» - СКА

Гъатхэпэм и 28

(блыщхьэ)

«Анжи» - «Биолог-Новокубанск»

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIымахуэ чемпионат

ЕпщыкIуэнэ джэгуГъуэ

Гъатхэпэм и 5

(щэбэт)

«КъБКъУ» (Налшык) - «Автозапчасть» (Бахъсэн)

«Инал» (Къэрэгъэш) - «ШагъдийI» (Зеикъуэ)

«Тэрч» (Тэрч) - «Шэрэдж» (Старэ Шэрэдж)

«ХьэтIохъущыкъуей» (ХьэтIохъущыкъуей) - «Малка» (Малкэ)

Гъатхэпэм и 6

(тхьэмахуэ)

«Локомотив» (Налшык) - «Бабугент» (Бабугент)

«Нартан» (Нартан) - «Къэбэрдей» (Шэрэдж Ищхьэрэ)

«Мурбек-ФШ» (Налшык) - «Спартак-Д» (Налшык)

«Исльэмей» (Исльэмей) - «Шэджэм-2» (Шэджэм EтIуанэ)

ЕпщыкIутIанэ джэгуГъуэ

Гъатхэпэм и 8

(гъубж)

«Шэрэдж» - «Нартан»

«ШагъдийI» - «КъБКъУ»

«Автозапчасть» - «Локомотив»

«Малка» - «Спартак-Д»

ЕпщыкIущанэ джэгуГъуэ

Гъатхэпэм и 12

(щэбэт)

«Тэрч» - «Автозапчасть»

«Нартан» - «Бабугент»

«Исльэмей» - «Шэрэдж»

«Спартак-Д» - «Шэджэм-2»

Гъатхэпэм и 13

(тхьэмахуэ)

«Инал» - «Малка»

«КъБКъУ» – «ХьэтIохъущыкъуей»

«Локомотив» - «ШагъдийI»

«Мурбек-ФШ» - «Къэбэрдей»

ЕпщыкIупIанэ джэгуГъуэ

Гъатхэпэм и 19

(щэбэт)

«Къэбэрдей» - «Спартак-Д»

«Автозапчасть» - «Нартан»

«ХьэтIохъущыкъуей» - «Локомотив»

«Инал» - «КъБКъУ»

Гъатхэпэм и 20

(тхьэмахуэ)

«Малка» - «Шэджэм-2»

«Бабугент» - «Исльэмей»

«ШагъдийI» - «Тэрч»

«Шэрэдж» - «Мурбек-ФШ»

НаркотикхэкIхэр къыкъуах

Урысей МВД-м Налшык къалэм щIэ управлензм и полицэм жылагъуэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ и пльыр гуп хэхам и лэжьакIуэхэм 2022 гъэм мазаем и 21-м Кэнжэ къуажэм къалэныр щрахьэкIыу гу лъатащ ужей лъапсэхэм ящыщ зым и IухьэпIэм иIэ удз гъэкIыпIэм деж пщащэ гуэрым зэкIуэщIышхьа цIыкIу щIым къыхихыу и жыпIым зэрырилъхьам.

И ТХЫЛЪХЭР къыщапщытэм икIи езыр къыщащым илъэс 18 хуэ нарткъалэдэсым къыкъуахащ хьэжьыгъэм ещхь хуэж гуэр зэрыль полимер зэкIуэцIышыхьа фIыцIэ. Пщащэм жиIащ абы «шыгъэкIэ» зэджэ наркотикхэкI зэрыльыр, апхуэдэхэр щIыпIэ хэхахэм щахуу щагъэтIыльрэ сату зыщIхэм я деж къыщищIэхуауэ зэрыщарар. Ар ешъ зрихьэлIэну арат, ищэжьи муради иIэтэкъым.

Экспертизэм къызэрригъэльэгъуамкIэ, ар грамм 1,84-рэ хъу «метилэфедрон» наркотикхэкIщ.

Хъыджэбзым теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и Уголовнэ кодексым и 228-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Абы къыщыгъэльэгъуа ауэншагъэ зылэжьар илъэси 3-м къыщыщIэдзауэ илъэси 10-м нэскIэ ягъэтIысынкIэ, къуэдыуи сом мин щитху ирагъэпшынынкIэ хъунущ.

УАРДЭ Жантинэ.

ЖыгхэрщIрахым и щхьэусыгъуэр

Иужьрей зэманым къалэ уэрамхэм щыдолъагъу гъуэгу Iуфэм Iут жыгхэр ирахыу, я щхьэкIэр пахыу. Къалэдэсхэр абыкIэ арэзыкъыми, «сыт ди бынхэр зэрыбэузнур, къалэр жыгыншэ ящIмэ?», - жаIэу Интернетым щызэхуохъэсыхэж. Сыт-тIэ, жыгхэр къыщIратхъыжыр?

КОММУНАЛЬНЭ, мэз Iуэхущапсэхэм я пщэрыльщ къалэм къэкIыхьэу дэтым кIэлъыплъыныр. Мы Iуэхущапсэхэр зэуIуу мэлажьэ, икIи уэ зыпкърыт, зи кур ифыкIа, зэран хъу, теплъэм къемызэгъ, лейуэ къащыхъу жыгхэр ирауплъыкI. Ауэ абы и пэ къыхьэу биологхэр кърагъэблагъэри, Iуэхур зэхагъэкI. Псалъэм папщIэ, дамыгъэ плъыжь зытедза жыг къэфлъагъумэ, зэвгъащIэ - ахэр куэд щрагъэкIуэкIыр. Iуэхущапсэхэм зэуIуу мэлажьэ, ауэ пщIантIэ кIуэцIым жыг гъуэ дэтмэ, МЧС-р щрах къохъу.

Зи гугъу тщIы лэжьыгъэр щрагъэкIуэкIыр IуэхущапсэмкъыкIыу ираупщIыкIыныр. Iуэхуэнгъэ щрагъэкIуэкIыну щIыпIэхэм ит жыгхэри щрах къэхъу.

ФЫРЭ Анфисэщ.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (унафэщI-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщI-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхъ секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщэныджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэз.

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; суэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъу КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъуэмэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапсэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI 12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокуэ Марианнэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Елмэс ФатIимэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.106 ● Заказ №401